wan. Itulah bukti bahwa Tuan ahli dalam ilmu kebaikan; maka itu tuan merupakan manusia yang mempunyai kelebihan dalam mencari perkataan untuk keselamatan. Dengan menghaturkan beribu-ribu terima kasih hamba atas perkataan Tuan Sul yang tidak ada kesalahan sedikit pun, namun semoga tidak menjadikan marah Tuan dan berilah hamba ampunan yang sebesar-besarnya atas keinginan hamba yang memaksa Tuan untuk diperbolehkan menginap di luar tembok istana."

Maka akhirnya Ki Tumenggung dianjurkan supaya menginap di rumah ki Demang Jayasuwirya selama mengadakan pemeriksaan keadaan istana. Hai ini telah diceritakan sebelumnya. Setiap hari Ki Tumenggung masuk ke pasanggrahan. Berangkat dari penginapan pagi hari kira-kira pukul 8.00 dan pulang dari pasanggrahan sore hari kira-kira pukul 17.00, tetapi setiap pukul 12.00 siang beristirahat di rumah ki demang dan setelah pukul 13.15 segera kembali lagi ke pasanggrahan untuk bekerja kembali.

Adapun Tuan Sul itu telah diberi tugas untuk menjaga keselamatan pemimpin utusan bersama ketiga juru tulisnya selama masih menunaikan tugas. Sungguh tidak mengecewakan, artinya selalu dapat menyenangkan hati para tamunya. Hai ini menandakan bahwa Tuan Sul adalah orang yang baik hati dan pertanda bahwa Tuan Sul itu orang demikian, terbukti dari perlakuan Tuan Sul terhadap ketiga jurutulis pengiring Ki Tumenggung sama dengan perlakuannya terhadap Ki Tumenggung yang merupakan pembesar dari ketiga jurutulis tersebut, artinya tidak ada perbedaan perlakuan antara pembesar dan bawahan, semuanya dianggap tamunya yang harus dihormati.

Setiap hari bagi para tamu disediakan kendaraan yang berupa kereta bersama kudanya. Kendaraan ini dipergunakan untuk bekerja menunaikan tugas, yaitu memeriksa keadaan/suasana kiri kanan pasanggrahan. Demikian ketika mereka mengadakan pemeriksaan di pasanggrahan Slagaretna dan Sekar juga dengan naik kereta itu. Sesampainya di Sekar mereka turun dari kereta dan perjalanan dilanjutkan ke Slagaretna dengan naik kuda. Kereta yang ditumpangi para utusan itu berbentuk Amerika. Perjalanan mereka dengan kereta dimulai dari istana Madusita. Dalam perjalanan itu Ki Tumenggung diiringi para demang dengan naik kuda, tetapi ada juga demang yang menyongsong atau menghadang di tengah perjalanan untuk ikut mengiring Ki Tumenggung. Maka

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

semakin besarlah rombongan Ki Tumenggung.

Ketika ki Tumenggung berhenti di desa Sekar, ia mendapat sambutan dan jaminan dari demang Sekar bernama ki demang Harjawirama. Dan setelah sampai di pasanggrahan Slagaretna, rombongan mendapat sambutan dan jaminan dari demang Slagaretna bernama ki demang Wangsapranama dengan sangat ramah-tamahnya.

Melihat keramahtamahan ki demang Wongsapramana, ketiga jurutulis ki Tumenggung sangat tertarik, maka ketiganya memberi komentar masing-masing. Pertama ki jurutulis yang bernama Sutakiswa, komentarnya,

> "Dinda Sutadimeja, ambillah cerama itu dan ikutilah sedang hamba yang membawa sebatnya, dan tongkatnya akan dibawa oleh kyai Jayapranata supaya tidak mengalami kesukaran. Meskipun begitu kami masih mendapat anugerah dengan diperbolehkannya bersama-sama naik kereta.

Ketika ada di kedua pasanggrahan, Slagaretna dan Sekar, ketiga jurutulis yang ikut serta itu bersama-sama memperoleh kebahagiaan dan jaminan makan yang cukup. Dengan kata lain, kebahagiaan dan jaminan makan ini diperoleh terus-menerus oleh ketiga jurutulis, ketika ada di kedua pasanggrahan. Maka akhirnya mereka (ketiga jurutulis) merasa kalau mendapat berkat dari Sri Susuhunan. Kemudian ki jurutulis Sutadimeja berkata.

> "Wah, mas, sebegitu besar cinta kasih Tuhan kepada Junjungan kita yang bertahta dan yang terhormat, artinya Sri Susuhunan, yang dengan sungguh-sungguh disebut menjadi penerangan dunia dan juga disebut Kanjeng Sri Mahanarendra Paku Buwono yang bertahta di kerajaan Surakarta Adiningrat. Sangat mengherankan restu Sri Susuhunan dapat terasa sekali masuk ke dalam tulang menjadikan nikmatnya rakyat sekerajaannya sampai pada hamba dan tuan. Meskipun hanva sebesar kutu atau kecil sekali, tetapi tetap mendapat berkat restu dari Sri Susuhunan yang berkatnya seperti intan bercahaya terang menerangi rakyat kecil sampai masuk ke dalam hati mereka, sehingga dapat menarik hati rakyatnya. Maka itu mereka selalu mendoakan Sri Susuhunan atau Junjungan mereka yang sangat menyenangkan hati mereka, semoga beliau selalu terjaga keselamatannya. Oleh karena hamba sangat kecil tetapi mendapat berkat restu dari Sri Susuhunan, sehingga hai itu dapat

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dilambangkan seperti hamba ini merangkak di atas angin yang besar dan cepat jalannya hingga seperti terbang dengan cepat sekali. Hai ini dapat terjadi hanya karena berkat restu yang sungguh-sungguh dan dapat menjadi pengikat dengan yang bertahta ke-10 di Surakarta."

Selesai Sutadimeja berkata, lalu kata-katanya disambut oleh ki jurutulis Jayaprana, katanya :

"Ketahuilah adikku berdua, bahwa perkataanmu berdua itu menurut pendapatku termasuk dalam perumpamaan orang yang memohon kesejahteraan untuk menguatkan diri dalam pendidikan keselamatan yang diteruskan sampai pada keluhuran negara, yaitu perbuatan yang jelek harus dihindari dan yang tulus menyebabkan keselamatan".

Demikianlah perkataan ketiga jurutulis itu. Sekarang kita beralih ke cerita tentang hai berita yang dimuat pada saat itu.

Pada saat itu ki demang Jayasuwirya bercerita mengenai keadaan/ suasana di daerah lingkungan Madusita yang di bawah perintah Tuan Sul Desence.

Menurut cerita ki Demang Jayasuwirya, keadaan di daerah lingkungan Madusita yang di bawah perintah Tuan Sul Desence ini dapat disebut sebagai daerah yang sangat subur dan murah sandang pangan, artinya rakyat dapat membeli beraneka macam barang dengan harga murah dan segala macam tanaman yang ditanam pasti tumbuh dengan baik, berbuah lebat, dan kalau buah sudah matang dipetik lalu dimakan sampai menjadi bosan karena banyaknya. Lebih-lebih pada waktu panen, hasilnya memberi banyak keuntungan bagi rakyat kecil yang tinggal di lingkungan daerah itu, sehingga mereka merasa berbahagia. Adapun keuntungannya, pertama maju dalam mata pencaharian mereka dan kedua membangkitkan semangat kerja. Kedua hai ini membuktikan bahwa rakyat daerah itu telali pandai dan telah banyak yang mengenyam pendidikan sekolah, sehingga mempunyai kepandaian yang dapat dipakai untuk melindungi anak cucu mereka. Keadaan yang demikian itu telah dapat dipastikan tidak lain berkat yang diberikan oleh Sri Susuhunan dengan lantaran kepandaian Tuan Sul dalam pengolahan tanah, misalnya dalam hai merabuk-, dan lain-lain.

Adapun dalam merabuk ini ada syarat'-syarat yang harus dipenuhinya. Syarat-syarat itu harus sesuai atau menurut pedoman poipjk petunjuk dari pegawai pertanian supaya berhasil dalam

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

usahanya, artinya tanaman yang ditanam dapat tumbuh dengan baik dan berbuah lebat. Hai ini membahagiakan hati para petani di daerah lingkungan Madusita dan hidup mereka menjadi aman sejahtera, tidak pernah terjadi pencurian di daerah itu, jadi sungguh-sungguh tentram sehingga menyebabkan tertariknya rakyat di keempat atau di kelima desa sekelilingnya. Maka banyak yang lalu pindah ke daerah lingkungan Madusita. Akibatnya tambah lagi jumlah petani. Mereka rukun dalam menjalankan/melaksanakan pekerjaan dan selalu menuruti perintah dari Tuan besar Administratur, Sul Desence, yang telah terkenal kepandaiannya dalam memperlakukan rakyat kecil. Oleh karena itu mereka (rakyat keicl) semua menghormati, takut/segan dan cinta kasih kepada Tuan Sul.

Karena banyaknya petani yang tinggal di dalam lingkungan Madusita, sampai-sampai daerah yang tanahnya keras seperti batu, dibajak dan dicangkul untuk ditanami. Pekeijaan itu dilakukan dengan gembira oleh para petani. Lebi-lebih setelah memetik hasil dari tanaman yang mereka tanam. Yang ditanam tumbuh dengan baik dan berbuah lebat, sehingga dapat menambah ketentraman hati. Maka itu mereka sungguh-sungguh gembira melakukan pekerjaan di padang rumput yang telah menjadi tanah perkebunan teh. Mudah pengolahan tanahnya; tinggal mencangkulnya dan menjaga tanah itu jangan sampai terlihat batu-batunya yang disebabkan karena tanahnya hanyut terbawa air hujan yang mengalir turun ke lembah. Maka untuk menghindari hai tersebut, dibuatlah pematang, artinya pematang ini gunanya untuk menghadang atau menahan tanah yang telah diramu. Setelah diberi/dibuat pematang hanya tinggal memperhatikan tebal tipisnya pupuk, kalau masih tipis ditambah. Bersamaan dengan memupuk tanah mereka memetik daun teh dari pohon yang sudah tua karena daunnya sudah kurang baik. Kemudian pohonnya ditutuh sampai di tanah hanya tinggal tunggaknya saja tetapi kalau tunggak itu telah keluar daunnya dan sangat subur, maka akhirnya tanaman itu menjadi rimbun daunnya.

Menurut cerita, sejak jaman dahulu tanaman teh mulai dipetik kalau daunnya sudah enam helai dan yang dipetik daun ketiga. Demikianlah kebiasaan orang memetik daun teh.

Kini cerita tentang Tuan Sul Desence. Beliau sangat memperhatikan tanah di daerah lingkungan Madusita. Tanah yang berujud

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

padang rumput lúas diusahakañ supaya dapat menjadi ladang teh semuanya. Sekarang telah dimulai usahanya, perlahan-lahan dan semakin bertambah luas ladang tehnya.

Sebetulnya tidak perlu menceriterakan pohon teh dan daunnya yang serupa namanya, tetapi dirasa kurang sempurna kalau tidak menceriterakan. Maka itu akhirnya biarpun tidak perlu, diceriterakan juga, yaitu mempersamakan pohon dan daun teh. Persamaan ini hanya pohon dan daun tehnya saja, sedang bunganya seperti bunga pohon nagasari tetapi lebih kecil sedikit.

Selesailah sudah cerita di atas. Sekarang cerita tentang berakhirnya pemeriksaan. Karangan ini berakhir pada hari Kamis tanggal 29, bulan Dulkaidah (salah satu ñama bulan Jawa), tahun Alip 1843, dengan sengkala tahun Tri Catur Ngesthi Kamulyan (1843) atau menurut tahun Hijrah Maha Trining Gunaning Sujanmi (1331)', maka (perhitungan waktu Jawa yang lamanya 12 bulan) kelima, wuku Mandasiya, windu Kuntara (perhitungan tahun Jawa yang lamanya 8 tahun) dan menurut perhitungan tahun Nasrani sengkalanya Tri Janma Terus Mulya (1913), pagi hari pukul 8.00. Kemudian mereka minta diri kepada Tuan Y.E.A. Sul Desence untuk kembali ke kota dengan cara bersalaman. Selesai bersalaman rombongan tamu lalu berangkat meninggalkan Madusita.

Tidak diceriterakan mereka dalam peijalan, tetapi ketika sampai di sebelah barat desa Sunggingan, mereka ingjn melihat jalan persimpangan ke timur yang sangat sejuk suasananya karena di kanan-kiri jalan tumbuh pohon yang berdaun lebat. Kemudian mereka berjalan ke timur. Ketika sampai di sebelah selatan pasar, salah seorang jurutulis berkata,

"Lo, ini jalan ke mana?"

Jurutulis yang seorang lagi menjawab,

"Ke Karanggeneng."

Jurutulis yang pertama berkata lagi,

"O, O, lupa tidak ditulis."

Jurutulis yang kedua menyahut,

"Ya, barangkali semua lupa, karena Karanggeneng ini termasuk desa yang tidak dekat jalan besar. Karena itu ketika hari selasa kita berjalan ke utara ke desa-desa yang dekat dengan jalan besar, telah dicatat nama desa semuanya dengan saksama."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Kemudian Jurutulis pertama bcrkata,

"O, tepat, desa Karanggeneng tidak tercatat karena agak jauh dari jalan besar."

Selanjutnya mereka tidak diceriterakan dalam peijalanan, supaya agak menyingkat cerita. Singkatnya, mereka telali sampai di kota, beristirahat semalam. Siang harinya, Jumat tanggal 30 Dulkaidah, tahun Alip, seperti yang tersebut di atas, semua catatan yang diperoleh selama menjalankan tugas di Madusita segera diatur berurutan agar mempermudah penggubahannya dalam tembang yang disebut tembang macapat. Penggubahan ini merupakan kehendak Sri Susuhunan untuk babad atau cerita, artinya untuk melestarikan riwayat Madusita, sebuah bangunan taman milik Sri Susuhunan. Adapun penggubahan babad Madusita ini dimulai pada hari Jumat seperti telah disebut di atas dan selesai pada hari Selasa Paing tanggal 10 bulan Sura, tahun Ehe 1844, dengan sengkala Dadi Suci Ngesthi Mulya (1844).

Dengan selesainya karangan ini maka kami mengucapkan BismillahiRahmani-Rahim. Hamba mulai menyebut nama Tuhan Yang Maha Kuasa, Maka Pemurah, lagi Maha Pengasih. Hai ini hamba lakukan karena tuanku yang bergelar Abdurrahman Sayidin Panatagama Kalifatullah yang artinya Abdi Tuhan di dunia yang bertugas mengatur agama, Pakubuwono X yang bertahta di istana Surakarta Adiningrat.

Atas berkat Sri Susuhunan selamatlah hamba dalam menjalankan tugas penggubahan lagu tentang babad istana Madusita sampai selesai dan demikian juga atas berkat Allah yang sungguh-sungguh merupakan Tuhan Alam Semesta yang Maha Kuasa dan Maha Agung, sehingga dapat bertindak sekehendakNya dan tidak dapat ditipu oleh segala roh yang ada di atas langit yang ke tujuh maupun segala roh yang ada di lapisan bumi yang ke tujuh, karena roh-roh ini ada dan berbentuk, berkat adanya Tuhan.

Sebagai akhir kata, karangan ini disertai doa permohonan semoga keselamatan dan kesejahteraan alam semesta ini dapat mempengaruhi diri hamba Arangbinang.

* * *

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

BABAD
PASANGGRAHAN MADUSITA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ï. KINANTHI

1. Kasebut Kinanthi parlu,
atur uningeng kang sami,
sudyapti nunglareng serat,
(sudi karsa maos serat)
babad pinurweng artati,
(babad kawiwitan ing sekar dhandhanggendhis)
kang mangsi reta wardinya,
(kang mangsi abrit tegesipun)
kawi kang tunulis langking,
(kawi ingkang kaserat cemeng).

2. Dadya kang mangsi brit wau,
mungjarwa tan mawa gendhing,
(namung teges jawi-jarwa boten mawi sekar)
kang lukita kinidungan,
(ingkang tembungipun katembangaken)
punika mung ingkang langking,
(langking wau cèmeng)
ya dyan maca mawi sekar,
(menawi maos mawi sekar)
mung kedah mangsinya langking.

3. Ingkang ambal ping dwi perlu,
(ingkang rambah kaping kalih perlu)
atur uninga bab kawi,
kang samya rinacik tinrap,
critane Babad Wedari,
wit saking langgenging yatna,
lire sing ajeg ing eling.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

4. Ngelingi gung kawi tembung,
(ngengeti sakathahing tembung kawi)
kang sampun rinipta sami,
(ingkang sampun sami katata)
tinraping babad punika,
boten mekaten sayekti,
namung saking tlatosing tyas,
met saking bausastra di.

5. Tegesipun saben ayun,
macelu mahaijeng kawi,
(kepengin angangge ing kawi)
dyan pruwita bausastra,
(lajeng maguru bausastra)
binuka methik kang kawi,
sabab saking mudha dadya,
budine kalis ngelingi.

6. Mring lukiteng kawi wau,
(dhumateng tembung kawi wau)
yen pinindha kadi budi,
(manawi kaempera kados manah)
denira sedyati arda,
(anggenipun sanget sedya)
ngengeti mring tembung kawi,
tuhu nirantara murca,
tegesnya datansah anis.

7. Anis ilang lir anjumput,
samirana lota tan oüh,
(kados anjumput angin tansah boten angsal)
mila ywan pama tinarnya,
lukiteng kawi kang manjing,
(tembung kawi ingkang manjing)
neng babading Madusita,
mring nyuwun aksama dasih.

8. Tan darwa yatna sanglugut,
(boten gadhah enget, watak)
leget lugunireng budi,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tinekdir karsaning Sukma,
sota nir grahita lantip,
(manah tanpa grahita tuwin tanpa landhep)
samendhang tan kalebetan,
mung mastuti karseng Gusti.

Ambalnya trining tanduk,
(ingkang kaping tiga matur)
sanggyeng kang winarneng ngarsi,
(sadaya ingkang kacriyosaken ing ngajeng)
kamargilaken manggunggyan,
(kaprenahaken manggen)
wonten sawalik puniki,
nyumanggakken kang mangripta,
Arungbinang sinambat sih.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

H. DHANDHANGGULA

1. Purwaningreh tyas manggiteng manis,
(wiwitipun manah kawardi anganggit sekar Dhandhanggendhis)
pangesthining wardaya tan liyan,
(pangener utawi pamindenging manah boten sanes)
monadukara yektine,
(temen pamijinipun)
mring nugraheng Hyang Agung,
(dumateng ganjaraning Pangeran)
amajarken sejaning kapti,
(amadhangaken sedyaning manah)
den nyandreng amemindu,
(anggenipun adreng ngirib-irib)
mardi basa tajub,
(pujangga kuncara)
haryanti panggiteng basa
(langkung respati anggiting tembung)
linut kidung dadya kudanganing janmi,
(rinengga ing tembang dados pangaleming tiyang)
nimpuneng saijaneng rat.
(linangkung saget ing jagad)

2. Dening denya yakti sru mastuti,
(saking anggenipun temen sanget angestokaken)
hagnya saking pada Sri Dipengarat,
(dhawuhing sangandhap sampeyan dalem, Narendra ingkang dados pepadhanging jagad)
kaping sedasa mandhireng,
(kang jumeneng kaping sadasa ing)
praja Surakarta nung,
(Nagari Surakarta ingkang linangkung)

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kang mahambeg asih mring dasih,
(ingkang penggalih dalem langkung asih dhumateng para abdi dalem)
mrih ambabad critanya,
(supados nyuwargakaken cariosipin)
pepengetanipun,
(pepemutipun)
kagungan dalem udyana,
kang sinebut ing Madusita piranti,
pangastam tyas narendra,
(pangenggar-enggaring panggalih dalem)

3. Kuciwane kang pinuji-puji,
jroning dhadha judheg mudhaning tyas,
teter (tansah) manurut runtike,
hawaning harda darung,
sru binerat nangsah ngantepi,
(sanget kinipataken malah ngesuk ngantepi)
karkat sura sedyanta,
(niat purun sedyanipun)
putek pindhanipun,
(kodheng saminipun)
jroning tyas lir aksi miyat,
(salebeting manah kados mripat aningali)
Hyang Raditya kalimputan dresing wresti,
(srengenge kaalingan deresing jawah)
awu kadya kalanya,
(awu kados nalikanipun)

4. Ri Respati Wage tanggal kaping,
katri candra Sapar kang lumakya,
ing warsa dal sangkalane,
Maha Tri Ngesthi Hayu, (1831)
cahyaning Hyang Surya tan keksi,
purwa tatas kamantyan,
(wiwit bangun enjing)
prapta pukul pitu,
saya limut rat limengan,
(jagad saya peteng ndhedhet)

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mantihantya ratri panglonging Hyang Ratih,
(anglangkungi dalu panglonging rembulan)
tarangga tan kawuryan.
(lintang boten katingal)

5. Prapta bedhug ing ngriku sujanmi,
bingung dera non lumuting wiyat,
(bingung anggenipun ningali petenging jagad)
sajarum rawi sorote,
(sakdom sorote srengenge)
datan saged kadulu,
pra sujanma wocenjang nganti,
prapta jam juga siang,
maksih manjer latu,
panjuta lir ratri mangsa,
(dilah kados mangsa dalu)
tyasing naar erem kadresaning riris,
(manahing tiyang susah kaderesaning jawah)
awu tibeng bantala,
(awu dhawah ing siti)

6. Marma janma kang wismanya ringkih,
rasaning tyas sumelang yen rebah,
dupi wus tipis ririse,
(sareng sampun tipis jawahipun)
watawis jam dwi tabuh,
ing akasa katon brit dening,
(ing langit katingal abrit saking)
tipising teruh ngingta,
surya melokipun,
tan katingal mung cahyanya,
kang kawuryan sumarma akasa abrit,
(meloking srengenge boten katingal namung cahyanipun ingkang katingal mila ing langit abrit)
lir wiyat kabasmaran.
(kados langit kabesmen).

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

7. Saya budi nalaring sujanmi,
ingkang lumrah sumelangan manah,
kadya narsa kyamat gedhe,
(kakinten badhe kiyamat kobra)
entek enting tyasipun,
(manahipun telas-telasan)
akal budi pisah lan dhiri,
locitaning tyas murca,
(pangunandikaning manah ical)
pan ngantos suwung blung,
nadyan ngucap ananging ta,
sanepane pules tilem rame angling,
yeku pralambangira.

8. Kang ingandel nawung ing krana sri,
(ingkang kapitados nganggit tembung sae alus sakeca raosipun)
rinarasing lukita kidungan,
(rinengga ing tembung tetembangan)
mrih dadya Kupi tembene,
(supados dados lepian wingking-wingkingipun)
dupi mangkana wau,
(sareng makaten wau)
pralampiteng puteking ati,
(pralambang kodhenging manah)
madyak-madyak kalakyan,
(mindhik-mindhik kalampahan)
lan marasing kalbu,
amila pangracikira,
sagung kecap pantes kacacat pra sami,
nimpuneng nawung basa.
(sakathahing ucap pantes kapoyokan para ingkang sami
linangkung saget angracik tembung)

9. Awit saking muteken pangieti,
suraosnya anggiting lukita,
(lukita wau tembung)
medhot gatra met dhong-dhinge,
panggronjalireng lagu,
tan merakken ati kang myarsi,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kang maca anyel ing tyas,
kasulayan tembung,
lagune sampun tumiba,
dhong-dhing enak nanging wandane kacecer,
megat jangkeping gatra,
(megat jangkeping satembung)

10. Sumarmanta tasdik kang mastani,
(milanipun leres ingkang mastani)
panawunge tan wunya dyan dadya,
(panganggitipun boten wände manawi dados)
cacadan ing rat wirine,
(cacadan ing jagad wingkingipun)
nanging cipteng kang ngapus,
(nanging ciptanipun ingkang nganggit)
denya bodho nabaweng ati,
(anggenipun bodho osiking manah)
rasa wirang kalunas,
(raos wirang isin dipun pejahi)
mila temahipun,
(mila wekasanipun)
murwani marma kang dadya,
(miwiti nyariosaken ingkang dados)
kaparenging karsa dalem kasebut ngarsi,
ing mangkya ginusita.
(ing sapunika kacariosaken).

11. Nalikanya kang mangripta gendhing,
mangkat saking ing nagri papriksa,
marang udyana wastane,
ing Madusita wau,
datan keri carikya katri,
marengi ri Anggara,
Pon kaping rong puluh,
Dulkangidah Alip warsa, (1843)
trining catur amardi basa linuwih,
wancenjang madya astha.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

12. Anumpak trim neng setasiun trim,
ing yapah bang emu lampahira,
datan kawarta wontene,
nanging mung laju muwus,
praptanira ing Bayalali,
parengi tabuh sanga,
gangsal welas menut,
tumurun saking tram nulya,
numpak kapal lon-lonan dera lumaris,
mangaler lampahira.

13. Anglangkungi marga ageng lami,
sawetanya ing setatsiun tram,
Bakungan Gudhang Kawak,
kilennya ing setatsiun trim,
punika padhusunan,
kang ran Bayawangsul,
sadaya wau punika,
saderengnya wonten setatsiuning trim,
winastan ing Koplakan.

14. Mangkya warna peken Bayalali,
manggen mugeng sawetaning marga,
nulya nglangkungi margine,
kakreteg saleripun,
kreteg wau mangaler prapti,
kreteg malih sartanya,
ing sakidulipun,
pakampunganing pra cina,
manggen wonten sawetan-kilening margi,
preja sami sadeyan.

15. De ngriku wus kasebut sujanmi,
kutha Bayalali aranira,
ing mangkya marna urute,
sadaya dhusun-dhusun,
kang kamargen denya lumaris,
sing kreteg manguntara,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

(saking kreteg mangaler)
Ngampel praptanipun,
(dumuginipun ing Ampel)
tuwin prapta Madusita,
sakilening marga dhusun Pucung nami,
wetan marga winarna.

16. Ing (2) Pambraman namanira desi,
untaranya wonten malih desa,
(3) Karangkepah ugi manggen,
neng wetaning marga gung,
mangkya maning ingkang winarni,
dhusun kilening marga,
(4) Banaran ranipun,
de wetan marga kaaran,
kampung Ranudimejan minarna maning,
kampung sakilen marga.

17. Ing (5) Sunggingan de wetaning margi,
ugi aran ing kampung Sunggingan,
dadya Sunggingan patrape,
ngapit-apit marga gung,
lajeng marna urute malih,
dhusun kilening marga,
kawastan puniku,
(6) Karangdhuwet de wetannya,
marta wau (7) Kebontimun raning desi,
mangsul kilening marga.

18. Dhusun (8) Blumbang de wetaning margi,
nami dhusun Gathak (9) wangsul ngucap,
ing dhusun kilen margane,
(10) Paesan aranipun,
dene Talun satimur margi,
(dhusun sawetan margi)
Plasakerep aranya,
mangkya kang winuwus,
dhukuh malih ingkang mrenah,
kilen marga (11) Karanggondhang raning desi,
wetan marga aranya.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

19. Dhusun (12) Penggung ingkang mangsul margi,
dhukuh (13) Karangsalam de wetannya,
ing marga dhusun arane,
(14) Pule elor lan kidul,
sambetira roncening tubs,
marna talun kang unggyan,
sakilen marga gung,
(15) ing Kentheng araning desa,
dene wetan marga dhusun Kentheng ugi,
dadya Kentheng punika.

20. Ngapit marga wangsul kang winilis,
kilen marga pinggiraning desa,
dene sawetan margane,
ingran dhukuh (17) Breduk,
kilen marga cinatur malih,
(18) dhusun Tompak arannya,
dene wetan lurung,
ugi Tompak yeku dadya,
ngapit margi desa lere Tompak desi,
maksih wetaning marga.

21. Dhusun ing Bondalem mangkya maning,
marna Talun sakilening marga,
(20) ing Tanduk dene elore,
(21) Miteran raning Talun,
ugi manggen sakilen margi,
ing mangkya kang winarna,
sawetan marga gung,
dhusun (22) Ledhok aranira,
untaranya ing Gondhang araning desi,
(eleripun)
ugi neng wetan marga.

22. Kilen marga maning kang winarni,
(24) Kadhistrikan loring Kadhistrikan,
(25) ing Genthansari arane,
ugi neng kilen lurung,
dene wetan marga winarni,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

(26) ing Gladhak raning desa,
nulya marganipun,
menggok ngetan kang winarna,
Patalunan ler marga kawastan Candhi,
kidul marga arannya.

23. Kepatihan ing riku wus prapti,
sangayunnya gapureng udyana,
Madusita kang sru ade,
ade-edi liripun,
nahen mangkya ingkang winarni,
wus prapta Madusita,
amarengi tabuh,
satengah gangsal sonten dyan,
samya mudhun saking ing swandana wajib,
ing riku kori pura.

24. Kareksa ring kula Dalem Aji,
gya panganjur prajaka narendra,
(pangajenging utusan dalem lajeng)
marentah marang carike,
kang tuwa aranipun,
sira Jayapranata pinrih,
tanya maring sujanma,
ingkang jaga pintu,
tuwan kang parapnya J.E.A.,
Sul Dhesince punapa tetaman guling,
(punapa boten sare)
kang tinanya maluya.

25. Tuwan ageng sampun wungu guling,
denya adat sare wanci siang,
carik wedari sampune,
terang tampaning catur,
saking janma kang jaga kori,
nulya umatur marang,
pangayuning laku,
(pangajenging lampah)

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

wadananing duta nulya,
(pangajenging utusan lajeng)
prentah maning marang carik wreda pinrih,
kang kadi sri mukyendah.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

III. SINOM

1. Melinga mring ingkang jaga,
   supaya umatur maring,
   tuwane saparlunira,
   carik wreda nulya angling,
   marang kang jaga kori,
   kalamun Radyan Tumenggung,
   Arungbinang dinuta,
   ing Kangjeng Sri Maha Aji,
   kanthi bekta pustaka soroganira.

2. Ondermayor Rahadyan Mas,
   Tumenggung kang sinambat sih,
   Wiryadiningrat kang lebda,
   (kang angsal)
   Srinugraha pangkat siji,
   abdi dalem kang nami,
   pangrembe bupatinipun,
   sampate welingira,
   ya ta ingkang jaga kori,
   nulya matur maring tuwan agengira,
   (dhumateng tuwanipun ageng)

3. Ature janma kang jaga,
   mring tuwan Sultan winarni,
   nanging tantara kang medal,
   (nanging boten antawis ingkang medal)
   pangkatya demang bebisik,
   Jayasuwirya angling,
   mring duteng Sri Mahaprabu,
   welinge tuwanira,
   pinurih lajeng umanjing,
   salebetnya udyana ing Madusita.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

«

4. Wadananing duteng nata,
gya manjing pinapak dening,
tuwan Sul munggeng plataran,
tundhukya tabeyan tuwin,
samya nabda basuki,
tuwan Sul nyaraken gupuh,
marang gedhong arannya,
Mardayatnya pama nagri,
sigra tuwan lan duta samya lumaksa.

5. Marang gedhong Mardayatnya,
kaprenah wetan pandapi,
dumugi ing riku sigra,
atata susila sami,
sampatya tata linggih,
wedana dutaning prabu,
sigra nabda mring tuwannya,
praptanira ing wedari,
perlunira wus kawrat ing pustakanya.

6. Ondermayor Rahadyan Mas,
Tumenggung sinambat wangi,
Wiryadiningrat punika,
mugi tuwan anampeni,
pustaka dyan tinampi,
lawan tuwannya Y.E.A. Sul,
nulya surat binuka,
ri wusnya nipikseng tulis,
nabda marang duta mangkana sabdanya.

7. Sedaya raosing surat,
wus samya kula priksani
tanapi ingkang surasa,
kula ugi wus mangreti,
wusnya mangkana mangkin,
(sasampunipun makaten sapunika)
kula tanya dateng prabu,
(kula pitaken utusan dalem)
benjing ari punapa,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

murwani papriksa maring,
kahanannya kagungan dalem udyana.

8. Duta dalem Mahanata,
maluya pamanggih marni,
prayogi ri benjang enjang,
kula wiwit mariksani,
tuan Sul amangsuli,
inggih ing prayoginipun,
benjang enjang ta bastha,
miwiti naniti uning,
nanging mangkya prayogi len kang winarna.

9. Kula kedah sung sugata,
mring cundaka Narapati,
mugi tyas angresepana,
drawina minuman api,
(ngunjuk minuman punapa)
kang kaarsan anuli,
(kang kakarsakaken lajeng)
duta Maha Nata muwus,
(utusan dalem wicanten)
minta minum pulinar,
dyan lumarih pulinar,
nadyan carik kang tut wuntat katri samya.

10. Tinawanan dening tuwan,
Y.E.A. Sul pinrih sami,
anut drawina minuman,
dyan minta sasukeng kapti,
nulya glas dipun jogi,
wusnya gelas samya penuh,
tuwan ngajak ngunjuk dyan,
sadaya drawina mangkin,
tan kawarna resepe mring sugatanya.

11. Ananging ingkang winarna,
duta dalem Maha Aji,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kapameran dening tuwan,
Y.E.A. Sul tosan aji,
cinarita duk nguni,
pusaka paringanipun,
Sang Aprabu kaping sad,
dhapurira tosan aji,
kawastanan patrem mawi winarangkan.

12. Kadhapur aran gayaman,
alit cekli sarta peni,
nahen mangkya kang winarna,
duteng Nata nabda maring,
tuan Sul denya angling,
tuwan sanes ginem ulun,
parlu matur ing tuan,
salebetnya kula teksih,
nyambut darnel aniti priksa maring ndyang.

13. Mamrih tan rikuh tyasing wang,
prayogi tuan maringi,
pondhok sajawining pura,
amung saben enjang marni,
malebet mariksani,
puraya sarampungipun,
tuan nulya manabda,
mring duta inggih prayogi,
nihan sigra tuan Sul nabda mring demang.

14. Heh demang Jayasuwirya,
iki duteng Sri bebisik,
Dyan Tumenggung Arungbinang,
minta mondhok saluwaring,
puraya ing Wedari.
puniku prayoganipun,
kudu ana pantinta,
mula dyan dherekna maring,
ing wismanta kang becik rumeksanira.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

15. Ratri sumawana siyang,
kang saput sampat piranti,
(piranti kang pepak anyukupi)
saniskara saparlunya,
(kabeh saparlune)
kang liningan turira ris,
sandika tuan nuli,
nabda mring dateng Sang Prabu,
mangkana de lingira,
sudara sijwawi mangkin,
tumindaka mring wismeng Jayasuwirya.

16. Caraka jeng Sri Narendra,
wusnya tampi tanduk saking,
tuan Sul wangsulanira,
prayogi nulya mandhiri,
tabe bage basuki,
dyan budhal mangkat lumaku,
maring patyanta demang,
Jayasuwirya bebisik,
praptanira ingriku lukar busana.

17. Ganti busananya kadya,
neng wisma ambombrong murih,
sima rasanireng sayah,
denira mentas lumaris,
dyan samya tata linggjh,
lan demang ingkang jejuluk,
wau Jayasuwirya,
sajronya satata linggih,
carik tiga tansah ngadhep neng ngarsanya.

18. Wadanane duta Nata,
nabda marang carik katri,
heh carik tri ingong arsa,
tanya marang kang bebisik,
Jayasuwirya mangkin,
kang kacrita sira kudu,
nyatheti kang winarta,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

aja ce wet kang satiti,
myang patitis pamitranta ingkang terang.

19. Carik tri turnya sandika,
yata duteng Maha Aji,
nulya nabda marang demang,
mangkana denira angling,
Dhi Demang bok manawi,
mireng warta wartanipun,
duk kuna-kunanira,
pratala ing Ampel ngriki,
ingkang dipun tanceoi udyana nama.

20. Ing Madusita punika,
kadya paran kang pawarti,
Jayasuwirya dyan nabda,
makaten denira angling,
inggih Kya Lurah rehning,
atanya mring nama ulun,
saenget-enget kula,
saking critanira nguni,
pasanggrahan ing Madusita punika.

21. Menggah ing tumancepira,
neng dhusun kawastan Candhi,
mila ingriku winastan,
dhusun Candhi awit saking,
wartanira ing nguni,
saking wonten candhinipun,
ngantos sapriki nyata,
wonten tilasipun warni,
wewangunan sela banon tuwin reca.

22. Kawuningana Ki Lurah,
kang nama Ampel puniki,
kithanipun wiwit ngambah,
kadhistrikan sampun nami,
ngancik kitha ananging,
delesnya kang nama dhusun,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ing Ampel sawetannya,
dhusun Candhi ugi nami,
Ampel Gadhing awit dening katuwuhan.

23. Deling aran Ampeldenta,
lire denta wau gadhing,
menggah dhusun Ampeldenta,
wau kalebet dumadi,
kampungan salebeting,
kitha Ampel kidul timur,
liripun iring ingkang,
kidul wetan yeku saking,
wartanira para kuna prapteng amba.

24. De Wadari Madusita,
kagungan dalem Narpati,
majeng ngidul pethanira,
kareka gapura biting,
capuri den ubengi,
laleyan tinembok kukuh,
myang kandel nginggilira,
mawi reka kadya margi,
kinarya yen apacak barising wira.

25. Pinggiring luwar sinungan,
tamping kangge aling-aling,
clorot pungluning kang mengsah,
lire punglu wau mimis,
nguniweh sinung maning,
(utawi)
pojoking bebeteng wau,
mawi papan kinarya,
panggenan yen wonten kardi,
sinung maryen wangun bunder dhapurira.

26. Ukuran papaning wira,
ingkang manindakken maring,
maryem pama wonten karya,
(9) sangang meter atanapi,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pojok ingkang angemperi
baluwarti kawan ujung,
lire ujung pojokan,
sinungan tindakan sami,
tegesipun sinungan undhak-undhakan.

27. Kinarya aminggah mandhap,
nahen duteng Maha Aji,
nyelani guneming demang,
Den Demang wardaya marni,
langkung astam miyarsi,
(langkung bingah mirangaken)
mring Den Demang kojahipun,
nanging prayoginira,
sami ngaso sampun wanci,
pukul tiga suwawi sami anendra.

28. Pandamelan taksih kathah,
ingkang dereng den tandangi,
yata demang aturira,
nuwun ki lurah prayogi,
dyan samya ngaso guling,
rinaksa kuli kehipun,
sapta tindhih sajuga,
samya melek tansah sami,
tanpa mungkur rumekseng raharjanira.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

IV. PANGKUR

1. Ironing denta Sri Dipengrat,
   (salebetipun utusan dalem ratu padhanging jagat)
   kula pules lire enaking guling,
   ing dalu kulinglingjpun,
   lire panganglingira,
   kuli patrol mrih melek wong kampung-kampung,
   saben prapta kademangan,
   jinawab kuli kang jagi.

2. Melek-melen jawabira,
   nihan mangkya kawarnaa ing wanci,
   tetes kamantyan liripun,
   pajar sidikira kang,
   mangrinakken ari Rebu Wage nuju,
   tanggal ping (21) salikur wulan,
   Dulkangidah nunggil warsi.

3. Ngarsa Alip sangkalanya,
   Guna Catur Angesthi Narapati, (1843)
   sumawana tanggal nuju,
   kaping (22) rorikur wulan,
   kang winastan Oktober sengkalanipun,
   Tri Maha Terus Minulya, (1913)
   Ijrah Nabi den tengeri.

4. Maha Tri Guna Raharja, (1331)
   wuku Langkir mangsa ponca marengi,
   Kunthara windu lumaku,
   kang guling nulya samya,
   tangi saking denira samya aturu,
   dyan susuci gya busana,
   winarna tyastha enjing.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

5. Gya samya mangkat lumaksa,
manjing pura Madusita wedari,
dyan katemu mring tuan Sul,
pangarsaning dutendra,
gya tabeyan sakaliyan nabda hayu,
sabakdaning tatabeyan,
duteng Nata nabda aris.

6. Mring tuan Sul delingira,
tuan mangkya kula arsa miwiti,
mariksa myang ukur-ukur,
kahananing udyana,
luar lebet tuan Sul wangsulanipun,
inggih prayogi sumangga,
tumandanga nambut kardi.

7. Wadananing duta Nata,
nulya prentah marang carikira tri,
mangkana denira muwus,
Jayapranata lawan,
sarta Sutadimeja sarta sireku,
Sutakiswa nulya samya,
tumandang anambut kardi.

8. Kang liningan tur sandika,
Ya ta tuan Y.E.A. Sul nabda ris,
mring Demang Candhi ranipun,
wan Jayasuwirya,
lawan demang kapala bebisikipun,
Martadiwirya utawa,
Demang Godheg wewangi.

9. Martadimeja sartanya,
pangkat demang ing Selandaka nami,
Jagasemita puniku,
kacatur para demang,
samya dasih dalem ing Madusita nung,
mangkana sabdaning tuan,
Y.E.A. Sul pan winarni.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

10. Heh sira pra demang papat,
tumandanga biyantu nambut kardi,
marang ing bebahunipun,
wadananing utusan,
apa priksa sumawana ukur-ukur,
kahananireng udyana,
parlune arsa kinardi.

11. Babad ing caritanira,
lire iku weruha sira sami,
nyawargaken critanipun,
kahananing udyana,
Madusita ing kene marma den sengkut,
biyanturrlu nambut karya,
kanthia budi patitis.

12. Kang kaprentah tur sandika,
katon semu lawan astaning ati,
lire bingah manahipun,
inakya nambut karya,
abiyantu mring utusan Sang Aprabu,
nihan dyan samya umangkat,
tumandang anambut kardi.

13. Dyan Tumenggung sarta tuwan,
datan keri asamya atut wuri,
mriksani denira wau,
samya anambut karya,
kacarita kang rumuhun dipun ukur,
capureng pura udyana,
mangetanira utawi.

14. Mangilene ukurira
(100) satus meter dene panjangnya maring
ngaler-ngidul meteripun,
wonten (130) satus tridasa,
dados wau capurining udyana nung,
pasagi bata nguntara,
yata mangkya kang winarni.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

15. Gapuraning kang puraya,
udyana di dumunungira mungging,
capuri kang sisih kidul,
samatra amracima,
tegesipun radi ngilen manggenipun,
tebihnya saking pojokan,
kang kidul kilen capuri,

16. (42) Kawandasa dwi meternya,
saking pojok kidul wetan winilis,
(54) seket catur meteripun,
wiyaring kang gapura,
(4) kawan meter juga dhesimeteripun,
kupu tarung inebira,
kajeng jati kang kinardi.

17. Nginggil mawi den plat sarta,
kalotengan utawi iku mawi,
pranti pamasanging tunggul,
bandera tegesira,
dene jroning gapura puniku wau,
winehan undhak-undhakan,
pranti lamun minggah maring.

18. Sanginggiling pagèr pura,
kang kawarta ing aesa kadi margi,
sarta ing sanginggilipun,
nenggih wau lakyan,
lire pager capuri caketing pintu,
wonten papan radi wiyar,
sinung piranti kinardi.

19. Panggantunging kang gathita,
tegesira jam tabuh sarta maning,
saking papan ngriku wau,
wonten andha kinarya,
minggah dhateng ing eplat sanginggil pintu,
nahen mangkya kang winarna,
kadhatoning puraya di.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

20. Dumunung neng madyanira,
papan kraton nanging radi kepering,
ler kilen de madyanipun,
tegese tengahira,
dalem agung kapener ler leresipun,
kalawan wau gapura,
de saking pinggiring tritis.

21. Dumugi regol ukurnya,
pan (60) sawidak meter de saking tritis,
ing dalem kang iringipun,
kilen dumuginira,
ing capuri kang kilen ukuranipun,
(30) tigang dasa meter mangky?,
amarna tebihnya saking.

22. Tritis dalem iring wetan,
praptanira wau pager capuri,
wetan ukur meteripun,
(44) kawan dasa sekawan,
de tebihnya saking tritis dalem agung,
kang iring lor praptanira,
laleyanipun capuri.
(pageripun capuri).

23. Ingkang lor ukuranira,
(47) kawan dasa pitu meter ing mangkin,
marma dalem namanipun,
sinom raning wangunan,
majeng ngidul ukur saking tritisipun,
kang kilen mangetan prapta,
tritis wetan yen winilis.

24. (25) Salawe meter kalawan,
(5) gangsal desi dene yen saking tritis,
kidul ngaler praptanipun,
tritis ler materira,
(21) alikur langkung (4) kawan dhesi meteripun,
marna dalem kang balungan,
kajeng jati payon jati.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

25. Tegesipun payon sirap,
myang linoteng pantya kang madya sidi,
lire tengah bener iku,
kang mawi linotengan,
den cet pingui dene sagung emperipun,
ingepyan lan den cet seta,
jrambah dalem blabag.jati.

26. De jrambah ing emperira,
dalem agung puniku plester sami,
dalem wau pan dhinapur,
kadi loji sartaya,
pinarsada tegese kinamar iku,
(12) kalih welas kehing kamar
kalebet kang madya sidi.

27. Madya sidi tegesira,
dalem tengah leres puniku ugi,
dadya kamar petangipun,
iangkeping (12) kalih welas,
margi tembung pinarsada raosipun,
pinager barukut nama,
kamar gedhong liring kawi.

28. De pantyasa gung punika
kacarita emperipun kang sami,
pananggaping ngayun pungkur,
kawetutan kinamar,
dumadyanta ingkang ngripta kami purun,
emper kawedal winastan,
Jagasatru tuwin nami.

29. Paringgitan yen upama,
dhatulaya ing kadhaton praja di,
parasadya namanipun,
dadya pamuwunira,
kang mangripta salebetnya nawung kidung,
kalilana bilih marna,
Jagasatru nambut nami.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

30. Parasdya myang paringgitan,
ing samangkya kang ngripta marma maring,
parasdya ngajeng puniku,
pametnya bebagean,
. sipat saka catur goco lawan guru,
pinetang ukuranira,
ngetan ngilen yen winilis.

31. (16) Sad wlas meter langkungira,
(3) tiga dhesi wiyarira winilis,
(4) kawan meter langkungipun,
(5) gangsal dhesi sartanya,
(2) kalih senti meter menggah Jagasatru,
wingking sami lawan ngarsa,
ing mangkya ingkang winijil.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

V. MIJIL

1. Critanipun pantyasa pura di,
liripun kadhaton,
Madusita ing gajah watese,
saka guru lawan goco sami,
pinarsada dadi,
kamar (6) sad kehipun.

2. Pamerangnya kinamar nem iji,
kang tengah sawiyos,
kamar tengah saking urusane,
pangereting saka guru kalih,
dene urusaning,
pangret goconipun.

3. Saka wetan siningget kamar tri,
dene goco kulon,
pan makaten menggah pamerange,
kapara tri pinarsada kalih,
lere kinamar dwi,
untara lan kidul.

4. Dene ingkang sabageyan maning,
linowong kemawon,
kagem marga timindak wiyose,
saking kamar tengah tuwin saking,
kamar kilen kalih,
wau kang winuwus.

5. Nengna deny a marna singgetaning,
kamar mangkya nyrios,
kamar tengah ingukur wiyare,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ngilen ngetan (6) nenem meter luwih,
wonten (2) kalih dhesi,
dene ngaleripun.

6. (12) Kalihwelas juga dhesi,
(5) gangsal senti dados,
wangunira bata mujur ngaler,
dene kamar ingkang wetan katri,
ukurannya sami,
ngetan ngilenipun,

7. (5) Gangsal meter langkung (5) gangsal senti,
ngidulnya lan ngalor,
namung (4) kawan meter ukurane,
tumrap kamar kalih kilen tuwin,
margayasa sami,
lan kamar tri wau.

8. Kang kacrios wonten salebeting,
kang pada sawios,
prapteng pada pepitu petange,
urusannya sagutheking panti,
kedhaton Wedari,
tumrap gajahipun.

9. Myang sadaya wau kang kinardi,
nyingget-nyingget gebyok,
kajeng jati menggah rerenggane,
mangkya dereng winarna ing gendhing,
kaangkah ing wingking,
denira anutur.

10. Kang tinutur ing warta samangkin,
gajah ingkang lowong,
lire tanpa kamar mung kang kangge,
margayasa mangulon utawi,
sambet len empering,
dalem agung wau.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

11. Ingkang datan pinarsada dadi,
kamar nanging dados,
margayasa (10) sadasa metere,
ukurannya mangulon anuli,
sambet lawan margi,
yasa dhapur kampung.

12. Yeku marga kinarya piranti,
maring kradenayon,
nahen iku kang winarta mangke,
pananggaping pantyasa pura di,
kulone kang dadi,
Jagasatru pungkur.

13. Pan siningget dadya kamar siji,
piranti yen dandos,
garwa dalem Jeng Sri Mahapundhen,
(garwa dalem kangjeng sinuhun ingkang sakalangkung dados pupundhen).
ukur wiyar mangilen utawi,
mangetan winilis,
(4) catur meter langkung.

14. (3) Tiga dhesi de ukurnya maring,
mangidul mangalor,
(8) wolung meter langkung ukurane,
(5) gangsal dhesi meter yeku dadi,
amba non pasagi,
nenggih wangunipun.

15. Kidulira ing kamar piranti,
kaagem yen dandos,
garwa dalem Jeng Sri Mahapundhen,
kaeletan ing margayasa di,
urut urusaning,
pananggap pantya gung.

16. Pan kinamar siji kinembaring,
lan piranti dandos,
ukurannya ngetan lan ngulone,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tuwin ngidul lan mangalor sami,
lan kamar piranti,
padandosan wau,

17. Emper wetan mangkya kang winarni,
wiwit teritis lor,
prapta tritis kidul wonten gange,
singget gangsal ler kinamar (2) kalih,
kidul kamar kalih,
wondene gangipun.

18. Ingkang tengah mung kinarya galdri,
de kamar pungkas lor,
angka siji saking lor petange,
kamar pungkas kang kidul kinardi,
uga angka siji,
kamar (2) kalih wau.

19. Ingaranan samya kamar dhimpil,
de kidule kang lor,
angka (2) kalih puniku pitunge,
kamar lore kang kidul pribadi,
kamar angka (2) kalih,
ugi petangipun.

20. Mangkya marna kamar dhimpil kalih,
kidul kalawan lor,
kang tinengran sajuga angkane,
ukurannya ngetan ngilen sami,
(4) pat meter (3) tri dhesi,
dene ngidulipun.

21. Sarta ngaler ukure winilis,
pan sami kemawon,
(4) kawan meternya (4) kawan dhesine,
nahan mangkya kang winarneng tulis,
kamar angka (2) kalih,
kang ler lawan kidul.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

22. Ukurannya mangetan utawi,
plajenge mangulon,
(4) kawan meter (3) tri dhesi meiere,
de ngalernya lawan ngidul sami,
(4) pat meter tan luwih,
dene ukuripun.

23. Galdri wau mangetannya tuwin,
plajengnya mangulon,
(4) kawan meter (4) pat dhesi meiere,
langkung (6) nenem senti (5) gangsal mili,
dene wau galdri,
sinambungan gathuk.

24. Lan pantyasa alit ander siji,
pinasung umanggon,
munggeng tengah dadya pangerete,
katri kalbe't ingkang madya sidhi,
mangka dhadha peksi,
pangret tengah wau.

25. De blandernya pan amung kekalih,
sakane kacriyos,
kehnya papat payone kinejen,
wuwung gangsal bungkaknya sawiji,
ukurnya winilis,
ngetan ngilenipun.

26. (6) Nenem meter langkung (3) tigang dhesi,
ngdulnya myang ngalor,
(4) kawan meter sakawan dhesine,
nahen mangkya kang winarna malih,
tuwan Sul nabda ris,
maring Dyan Tumenggung,

27. Dhuh sudara dutaning Narpati,
ya dyan ambak dados,
(ambak manawi dados)
kapinujon panggalih sarehne,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

wusjam kalih welas lir prayogi,
angaso rumiyin,
yata Dyan Tumenggung.

28. Mangsul ans mring tuwan prayogi,
ing mangke kemawon,
dinugekken panambute gawe,
tuwan Y.E.A. Sul manabda ris,
sumangga sukapti,
ingong mung jumurung.

29. Gya duteng Sri Mahadipengbumi,
lire Sang Akatong,
kang sru dadya pepadhang jagade,
dutanira lajeng manabda ris,
mring carikira tri,
heh carik katelu.

30. Gyanta samya iku nambut kardi,
pamray oganingong,
lawan maneh saka kaparenge,
ing tuwan Sul angasoa dhisik,
kang liningan sami,
sandika turipun.

31. Gya mijil sing kadhaton Wedari,
nuli samya lenggah,
aneng gedhong kang sinung namane,
Marduyatnya ing gedhong ngriku wis,
meja den tatani
buja bukti penuh.

32. Tuwan Y.E.A. Sul manabda ris,
mring duteng Sang Katong,
pan makaten ing sabda delinge,
sudara Dyan Tumenggung ngong angling,
sugata puniki,
saking barkah Prabu.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

33. Manjing dadya begyeng ngong tanapi,
dutanta Sang Katong,
marma mugi sudara driyane,
kang rumesep mring buja puniki,
suwawi samangkin,
samya adan muluk.

34. Panganjuring duteng Malia Aji,
mangsuli alon,
pan mangkaten ing wahyeng delinge,
inggih tuwan langkung bingah marni,
rumaos pikolih,
kucah Dalem Prabu,

35. Ingkang pindha panyuba tumrap mring,
tegesipun kados,
pangujanta tumrap manggalane,
(pangajengipun jayenglaga)
meneng jurit katrimeng narpati,
amila suwawi,
samya adon muluk.

36. Anulyeku samya wiwit bukti,
nanging tan kacrios,
dera samya bukti kahanane,
cinekak ing crita sampun bukti,
linorotken maring,
para kanthinipun.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

VI. KINANTHI

1. Carik katri demang catur,
   dyan pinrih drawina pahit,
   ing tuwan gya pinrih nadhah,
   kanca pitu nulya bukti,
   tan kawarna dera nadhah,
   rampung bukti nulya sami.

2. Pinaringan suguh srutu,
   myang wedang teh nomer siji,
   weton pabrik Madusita,
   katon astamireng ati,
   lire bingah manahira,
   dene tuwan tuhu yekti.

3. Noraga maneru sugun,
   tegesnya tanduking krami,
   buja krama nadyan marang,
   carik tri utama yekti,
   luwes manis sabdanira,
   respati nenarik ati.

4. Kang mring lam-laming driya ì
   tegese kacetha yekti,
   ana jroning ati dahat,
   kadarmaning tuwan nganti,
   tegese beciking tuwan,
   Y.E.A. Sul konthal-kanthil.

5. Cumandhen anaing jantung,
   carik tri driyanta nganti,
   darbe rumangsa mirasa,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tegese rasaning ati,
enak karasan martanya,
wit kang tinamyan utami.

6. Tan mantra yan (adel) adhel tuhu,
tegese (bangsawan) bangsawan tuwin,
bangsa luhur mau tuwan,
Y.E.A. Sul tuhu yekti,
tanggape mring bangsa sudra,
tegese bangsane cilik.

7. Katampan reseping kalbu,
tan bineda lawan mating,
sami adhel tanggapira,
tegese tanggap nampani,
resep renane tegesnya,
resep sukeng tyas sinami.

8. Marma peijine kang ngapus,
maring Hyang Kang Maha Suci,
wong cilik jroning wawengkon,
Madusita ondherneming,
mudya amindha tegesnya,
mugi-mugi linastari.

9. Sungkem tyas samya sumuyud, •
mring tuwan barang punapi,
kaprentahken tumrap marang,
pakaryaning ondherneming,
kang mamrih bangkit memalat,
tegese bisa nenarik.

10. Bingah dalem Sri Sinuhun,
kang embok maharyeng bukti,
lire panggalihe kadya,
barleyan mancorong yekti,
nelahi marta marteng tyas,
lire madhangi tanapi.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

11. Nguripi ayeming kalbu,
maring sagung breta pati,
tegese punggaweng nata,
gung alit prapta kula lit,
datan sah binaureksa,
karahaijanira sami.

12. Kinanthi ingkang amuwus,
sajroning padha sawiji,
praptanya padha sawelas.
kang súmela anyelani,
crita pamriksaning pantya,
awit dening parlu ugi.

13. Ginayut wit saget gayut,
lire tinunggal wit saking,
tunggale pan tes binabat,
Urnya binabat puniki,
kaswargakken critanira,
pengetan tumrap wadari.

14. Kang nama Madusita nung,
kagungan dalem Narpati,
kang jumeneng ping sadasa
pikukuhing buwana di,
Surakarta Adiningrat,
nihan mangsuli minami.

15. Pantyasa geng puraya nung,
udyana Madusita di,
kehing kori petangira,
wonten (29) sanga likur iji,
rumuhun kang kapratela,
yen kang ngripta angankani.

16. Angka minangka panglintu,
tembung jDetang tuwin wilis,
wilis petang tegesira,
amargi kori kang apti,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pinetang datanpa angka,
mila mangkya bok manawi.

17. Mawi angka tegesipun,
puniku petang myang wilis,
ing mangkya ingkang mangripta,
wiwit ngetang kori-kori,
ing kamar kang madya sidya,
sidya leres jarweng kawi.

18. Juga pintu kang mangapus,
puniku denya mastani,
kori kamar madya sidhya,
kang wetan yeku trus mijil,
mring Jagasatru myang marang,
topengan mangka pandhapi.

19. Manggenira wau pintu,
tinrap wonten madya singgih,
madya singgih tegesira,
tengah leres myang mangarsi,
mangidul amila medal,
maring Jagasatru ngarsi.

20. Angka (2) kori-korinipun,
wau kamar madya widi,
madya widi tegesira,
tengah leres denya margil,
tegese margil amrenah,
wonten wetan kidul manjing.

21. Mring kamar sawetanipun,
wau kamar madya widi,
dadya kori ajengira,
ingaran ngilen utawi,
mangetan marga pirantya,
mring kamar wetan umanjing.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

22. Petang (3) tiga korinipun,
wau kamar madya nati,
madya nati jarwanira,
tengah leres deny a m argil,
munggeng wetan madya harjwa,
madya haijwa jarweng kawi.

23. Tengah leres ajengipun,
kawastan ngilen utawi,
mangetan kinarya marga,
mring kamar wetan umanjing,
saking kamar wau tengah,
ing mangkya ingkang winarni.

24. Petang (4) catur pintunipun,
wau kamar madya nati,
(kamar tengah leres)
kang iring untara wetan,
(ingkang iring ler wetan)
kinarya kalamun manjing,
mring kamar wau lor wetan,
saking kamar madya nati.

25. Petang (5) gangsal korinipun,
wau kamar madya nati,
(kamar tengah leres)
margi medal mring pringgitan,
iring wetan tuwin wuri,
angka (6) nem kori kinarya,
medal mring pringgitan wingking.

26. Kang pracima prenahipun,
dadya kembaraning kori,
wau kang kapetang (5) gangsal,
amargi wau kang kori,
tengah datan kasinungan,
kinarya samya kapering.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

27. Munggeng wetan kilen wau,
marma kang nawung mastani..
kembarane angka (5) gangsal,
mangkya kori kang winarni,
angka (7) pitu korinira,
wau kamar madya nati,
(kamar tengah leres)

28. Marga kinarya lumebu,
maring kamar sakilening,
wau kamar madya haijwa,
(kamar tengah leres)
dados ajengnya kang kori,
ngilen utawi mangetan,
mangkya maring kang winarni.

29. Angka (8) wolu korinipun,
wau kamar madya nati,
pintu kinarya wisata,
tegese wisata mijil,
maring marga yasa ingkang,
kasambetan kampung panti.

30. Kang mangilen purugipun,
prapta kradenayon kang wis,
kacriteng ngarsa nalika,
ngocapken singget-singgeting,
kamar kang winarneng sekar,
winastan lagu pamijil.

31. Ingkang wus kasebut ngayun,
sumangga dipun engeti,
saking kathahing singgetan,
myang kamar ambok menawi,
kang mesthi saged kengetan,
myang trang mring crita puniki.

32. Mung sanggyeng kang krep tut pungkur,
(namung sadaya ingkang kerep anderek)

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

wiyos dalem Jeng Sang Aji,
tedhak maring udyanendah,
kang ngripta sandeyeng ati,
(kang anggit sumelanging man ah)
pangrakiting kang ukara,
dera nyariosken maring.

33. Sakathahing kamar wau,
ambok manawi tan kardi,
ladhanging tyas kang sudyapta,
ngudyakara jarweng kawi,
(ngudyakara jarwanipun kawi)
maca myarsa ungelira,
marang ing babat puniki.

34. Mangka yen inggih saestu,
tan karya ladhanging galih,
rumaos mudha kang ngripta,
nyritakken babadWedari,
Madusita mung kapeksa,
mastuti karsaning Gusti.

35. Bodho pinuwung mangapus,
kapapas apasing budi,
mila tan langkung kang ngripta,
minta aksamanta sami,
' maca tanapi miyarsa,
mring ungeling srat puniki.

36. Karep arungkat ing kalbu,
(karsa arungkat ing galih)
binengkas kanang kaya ti,
(kasimakaken ingkang kados eri)
nanging tyas dipun sarenta,
mamrih nut karsaning Gusti,
Muwung panggiteng tyas mudha,
(muwung panganggiting manah badho)
anggendhing kondha neng tulis.
(anyekaraken carios wonten ing serat)

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

37. Ngantos mlasar samanglulur,
lalaran alusing krami,
tinrap tulis mangka babad,
liripun nywargakken maring,
crita pepengetanira,
wedari Madusita di.

38. Dahat pangayun-ayun,
kanugrahan ing aksami,
lire wau kanugrahan,
kaganjar aksama kadi,
robing tasik wor sarkara,
(banjiring sagara, lagi toyanipun)
karana wus datan bangkit.

39. Kendelna cangkrama kidung,
(kendel nganggit tembung tembang)
dening wus ginelar ngarsi,
mung mastuti karsaning Sang,
amurba satmakeng dasih,
satmakeng dasih tegesnya,
uriping kang para abdi,

40. Temahan adrenging kalbu,
kang gubah babad wedari,
nyakarsa sakarsanira,
kang samya maca myang myarsi,
angsung myang datan ngaksama,
maring kang kumambang budi.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

VII. MASKUMAMBANG

1. Nahan ingkang kasebut sekar kinanthi,
   kang nandhuken sabab,
   kamudhan manawung gendhing,
   ing mangkya kang cinarita.

2. Angka (.9) sanga kori kamar madya nati,
   (kamar tengah leres)
   marga pan kinarya,
   kalamun umanjing maring,
   ing kamar sakilanira.

3. Kamar madya haija kang kidul kiduling,
   (kamar tengah leres)
   kang ngayun kinocap,
   marga yasa kang kinardi,
   lumaris mring kaendhahan.

4. Saking mudha denira ngupaya dhong-dhing,
   dumadyarsa ngucap,
   (dados anggenipun badhe ngucap)
   kradenayon den lironi,
   tembung maring kaendhahan.

5. Cocok boten kangge lelintuning krami,
   tar langkung mangkana,
   karepe kang mangun gendhing,
   nihan marna kang (10) sadasa,

6. Kori kamar sakilening kamar nami,
   wau madya haijwa,
   kori kinarya umijil,
   ngaler maring marga yasa,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

7. Kori angka (11) sawelas maksih korining,
kamar ingkang gadhah,
kori kang angka (10) sadesi,
nging kori angka sawelas.

8. Kangge manjing mring kamar kilen pribadi,
kaprenah kidulnya,
ing marga yasa kang maring,
wau ing karadenayon.

9. Angka (12) kalih welas punika korining,
kamar sakidulnya,
marga yasa wau nginggil,
kinarya umijil marang.

10. Jagasatru tuwin ran parasdya ngarsi,
kang katopeng pindha,
pandhapa kasbut kinanthi,
sajroning pada (17) pitulas.

11. Mangkya marna kori angka (13) tri wlas maksih,
korinireng kamar,
sakiduling marga pan ti,
tegesira marga yasa.

12. Nanging wau kori kinarya umijil,
maring marga yasa,
kasebut wau ing nginggil,
nihan mangkya kang winarna.
(kendel anggenipun nyariosaken ing nginggil ananging sapunika anyariosaken).

13. Kori angka (14) kawan welas dwaralaning,
(kori angka kawanwelas kontenipun)
kamar sakilennya,
kamar madya harjwa kori,
(kamar tengah leres konten)
kinarya umijil marang.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

14. Marga yasa wau kang wus kocap ngarsi,
mangkya kang winarna,
angka (15) panca wlas korining,
kamar ing sakilenira,

15. Kamar madya haijwa ingkang andarbeni,
(kamar tengah leres)
kori petangira,
(14) kawan welas wau nginggil,
ing kori kang (15) panca welas.

16. Kangge margi dhumateng kamar piranti,
padandosan ingkang,
kagem prameswari aji,
prenah 1er kilen pribadya.

17. Mangkya marna petang (16) nembelas korining,
kamar padandosan,
dalem Gusti Prameswari,
manggen kidul pirantinya.

18. Yen mijil mring marga yasa kocap ngarsi,
mangkya kang winarna,
maksih kori kamar pranti,
padandosan petangira

19. Sapta welas kori kinarya umijil,
mring pringgitan wuntat,
nihan mangkya kang winarni,
Kori petang (18) astha welas.

20. Korinira pringgitan wau yen manjing,
mring kamar kilennya,
kamar madya haijwa tuwin,
mijil saking wau kamar.

21. Mring pringgitan puniku wau ing wingking,
mangkya kang winarna,
angka (19) sangalas kang kori,
ning pringgitan wau wuntat.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

22. Dene angka (19) sangalas wau kang kori,
an am a kadarwa,
(anama kadarbe)
dhateng kamar sawetaning,
kamar kang ran madya haijwa,
(kamar ingkang nama tengah leres).

23. Kapratela mangalor ajenging kori,
kang petang (19) sangalas,
kangge lumebet umaring,
kamar wau dene ya dyan.
(dene manawi)

24. Medal saking kamar mring pringgitan wingking,
kang iring untara,
(ingkang iring ler)
nihan mangkya kang winarni,
kori ingkang petangira.

25. (20) Kalih dasa yeku kori kamar dhimpil,
kaprenah ler wetan,
dene ajenge kang kori,
mangilen ya dyan kinarya,

26. Ya dyan wau kawi tegesnya manawi,
kinarya wisata,
lire medal sing kamar mring,
pringgitan wau kang wuntat.

27. Dene kori angka (21) slikur yeku maksih,
korijroning kamar,
ler wetan wau ananging,
kaannge manawi arsa.

28. Manjing marang kamar kang nunggil sagaris,
caket sakidulnya,
dadya kori kang winilis,
(21) slikur kadarbe rong kamar.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

29. Angka (22) kalih likur puniku korining,
kamar ingkang mrenah,
sakiduling wau dhimpil,
ngidul ajenging dwarala.

30. Tegesipun dwarala puniku kori,
kangge medal marang,
galdri wetan kang ing ngarsi,
kasbut sambung lan topengan.

31. Topengan kang kacrita ander satunggil,
mangkya kang winarna,
kori (23) tiga likur maksih,
nyritaken korining kamar.

32. Sakiduling dhimpil ing ajenging kori,
ngilen kangge medal,
maring kamar sawetaning,
kamar jingul ayu lirnya.

33. Jingul tengah ayu leres yeku dadi,
kamaring puraya,
kang tengah leres pribadi,
kapit kamar kering kanan.

34. Dene kamar wau kang wiiiastan ngapit,
ing pamargilira,
lire margil mrenah mungging,
kilen sumawana wetan.

35. Nihan iku ing mangkya ingkang winarni,
kori petangira,
(24) kawan likur dwaralaning,
kamar wetannya ing kamar.

36. Kang winastan jingul ayu kasbut nginggil,
(tengah leres)
de kamar kang dafwa,
lire darwa gadhah kori,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

petang (24) pat likur margilnya.
(prenahipun)

37. Saking kamar lorira caket winilis,
angka (2) kalih de ta,
ajengira wau kori,
kang (24) kawan likur petangnya.

38. Mring untara kinarya yen manjing maring,
kamar angka (1) juga,
lernya kamar angka (2) kalih,
utawi inggih punika.

39. Kamar ingkang anderbeni wau kori,
(23) tri likur petangnya,
kasebut wau ing nginggil,
nahen mangkya kang winarna.

40. Angka (25) slawe puniku teksih korining,
kamar ingkang gadhah,
korinya ingkang winilis,
(24) kawan likur wau ngarsa.

41. Nanging majeng mangetan puniku kori,
kangge medal marang,
galdri kang dipun sambeti,
topangan ander satunggal.

42. Kori angka (26) sad likur puniku maksih,
korinireng kamar,
kang gadhah kori winilis,
(24) pat likur (25) slawe ing ngarsa.

43. Nanging iku ajengira kori maring,
mangidul kinarya,
manjing mring kamar kiduling,
caket nunggil sasinggetan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

44. (27) Pitu likur korining kamar kang margil,
lire ingkang marnah,
aneng sakiduling galdri,
tinopeng ander satunggal.

45. Kori petang (28) wolu likur yeku maksih,
korinireng kamar,
kadarbe kori winilis,
(27) pitu likur ing ajengnya.

46. Mring mangidul kangge manjing dhateng dhimpil,
dhimpil ingkang marnah,
wetaning pringgitan ngarsi,
kang tinopeng lir pandhapa.

47. Kori angka (29) sanga likur yeku teksih,
konten jro gutheknya,
ing dhimpil ajenging kori,
ngilen kangge medal marang.

48. Parasedya ngajengan ingkang winarni,
tinopengan pindha,
pandhapaning puraya di,
kang dereng pegat kinata.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Vni. MEGATRUH

1. Sagung kori-kori kang kasebut luhur,
   sinungan cadhela sami,
   rinuntut pinatut-patut,
   mrih temah timbang lan kori,
   raras sri kalamun tinon,
   (sakeca sae tiningalan).

2. Tuhu dados upakartining pura gung,
   (temen dados rerengganing kadhaton agung)
   nahen mangkya kang win arni,
   dwarala samueng wau,
   (kori sadayanipun wau)
   dene ukurnya kang kori,
   naracak mangkya kacriyos.

3. Wiyaripun (1) juga meter panjangipun,
   (2) kalih dhesi (5) gangsal senti,
   inggilnya (3) tri meteripun,
   kang kinarya kajeng jati,
   dhempel tebenge sri tinon.

4. Inebira sadaya kinupu tarung
   namung korinireng pan ti,
   dhatulaya kang sinebut,
   wau kamar madya sidi,
   (kamar tengah leres saking bagean saka guru sekawan)
   ingkang kinarya y wan miyos.

5. Mring parasdya myang winastan jagasatru,
   kang ngajeng ageng pribadi,
   wiyar (2) kalih meteripun,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

(1) juga dhesi (6) nenem senti,
inggilnya sami kemawon.

6. Lawan kori ingkang kathah-kathah wau,
(3) tri meter ukuring inggil,
dhempel sarta tebengipun,
kang kinarya kajeng jati,
inepnya kinarya kaot.

7. Inggih ugi mawi sinung kupu tarung,
nging mawi dipun pasangi,
inep ing sasisihipun,
rineka lempitan kalih,
mimbuhi asri tinonton.

8. Cacahira kang candhela duk pinetung,
tumrap pura yen tan sisip,
(12) kalih wlas de dhempelipun,
wau kang candhela sami,
kinarya sing kajeng jatos.

9. Dene ukur wiyaring candhela wau,
kalamun winilis sami,
won ten (1) juga meteripun,
inggilnya (2) dwi meter tuwin,
(2) kalih dhesi nihan mangko.

10. Rang winarna sagung kamar-kamar wau,
ingkang kagem jinemwangi,
(ingkang kagem pasarean)
sinung kanthil sartanipun,
pelak piranti gumrining,
tan kuciwa yen kacriyos.

11. Agem tuwin kagungan dalem Sang Prabu,
bangku kenap tuwin carmin,
sinung kursi sartanipun,
lemari kamar miranti,
regeng sri kalamun tinon.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

12. Nengna wau ing mangkya ingkang winuwus,
dening kang ngripta kintaki,
crita babad tegesipun,
carita nywargakken maring,
pengetan udyana kaot.

13. Emperipun pananggaping dalem agung,
udyana Madusita di,
kang kawetu maring ngayun,
kang ngripta ambal mastani,
(ngaping kalih amastani)
pringgitan myang jaga mungsoh.

14. Jaga mungsoh jaga satru tegesipun,
kaping tri denya mastani,
parasadya parlunipun,
mrih mangertosken kang sami,
myarsa tuwin ingkang maos.

15. Mung mangkana inggih wau parulunipun,
nanging puniku manawi,
taman mandar temahipun,
(boten malah wekasanipun)
karna kang anguni-ngani,
(kacacat kang mariksani)
mring srat punika malengos.

16. Nanging nadyan mangkana dumadosipun,
(nanging nadyan makaten kadadosanipun)
ing tembe wuntat lot naming,
tegesira benjingipun,
myang wingking datansah naming,
dadya poyokan kumroyok.

17. Parandene tan kendel denira ngapus,
crita babading Wadari,
awit kang mindeng dumunung,
aneng jroning manah eling,
mung mastuti hagnyeng katong.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

18. Mung mastuti hagnyeng Katong tegesipun,
mupg ngestoken dhumawuhing,
sor pada dalem Sang Prabu,
kinon ambabat Wedari,
mila arungkat gung poyok.

19. Tan rinasa binerat pindhaning kalbu,
(boten rinaos kaicalaken kados)
nangseh mring kang den remeni,
(majeng dhumateng ingkang dipun remeni)
lire rasa trajangipun,
(tegesipun trajanging raos)
panginalen tan pinikir,
(panacat ing liyan boten kamanah)
meheng nut hagnyeng Sang Katong.
(namung dherek dhawuh dalem ing ngandikakaken)

20. Nyritakaken Babading Wadari wau,
mamrih wurinya tan samun,
(supados wingkingipun boten ical)
warta Babading Wadari,
(kabar swarganing Wadari)
mila mangke kang kacriyos.

21. Jaga satru ngajeng rinengga pyanipun,
kasingit gumrining peni,
kasingwit wau liripun,
kaecet seta gumrining,
myang peni asri tinonton.

22. Gebyokipun inggih ugi kacet pingui,
mimbuhi sawitan asri,
kaplester jarambahipun,
nahen mangkya kang winarni,
pyannya wau jaga mungsoh.

23. Ingkang tengah leres sinung lampu agung,
juga winastan gasolin,
dene kiwa tengenipun,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sinungan panjuta niji,
triyum gantung sri tinonton.

24. Gebyokipun kang lor jaga satru wau,
kang madya sidya kinori,
tengah leres tegesipun,
sinungan kori sawiji,
kinarya manjing len miyos.

25. Lamun manjing kemar ing jinulayu,
(utawi lumebet dhumateng kamar tengah leres inggih puniki dalem ageng godhak tengah leres)
lamun wisata umaring,
(menawi medal dhumateng)
para sadya ngayun wau,
Gaga satru ngajeng wau)
dhempel tebeng inep kori,
cet biru laut sri tinon.

26. Kilen wetaning kori kang tengah wau,
candhelane niji dadi,
ngapit mring dwarala jingul,
(ngapit dhateng konten tengah)
antaraning candhela dwi,
sinung pigorah geng kaot.

27. Tembung aran pinarah gambar liripun,
yeku gambaring Narpati,
bangsa Eropah kang semu,
jaman kina myang ing nguni,
kiduling pigorah kang lor.

28. Sinung lonceng regulatir namanipun,
saya amimbuhi asri,
dene ing sawetanipun,
candhela wetan pribadi,
sinung pigorah yen tinon.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

29. Gambaripun nyonyah jinem lirnya tum,
neng bandhulan rajut sarwi,
den adhep srenggalanipun,
nahen mangkya kang winarni,
ingkang sisih wetan gebyok.

30. Tegesipun gebyok kang wetan puniku,
kang tengah leres kori,
majeng ngilen korinipun,
kamar kang winastan dhimpil,
neng kidul wetan kang manggon,

31. Tegesipun manggone ing dhimpil wau,
neng kidul wetan kang kori,
karengga cet biru laut,
karya stam dera sru asri,
(damel bingah anggenipun saget sae)
mangkya gantya kang kacrios.

32. Nahen mangkya gebyok kilen kang winuwus
maya ser puniku kawi,
tengah leres tegesipun,
sinungan kori mangarti,
(kaparingan kori majeng)
mangetan teranging crios.

34. Kori kamar kang kilen piyambak wau,
sartanya kidul pribadi,
nguniweh kori kang metu,
marang para sadya ngarsi,
dhempel inep tan kinaot.

35. Ugi sami kacet warni biru laut,
kidule puniku kori,
sinungan sri gambaripun,
(kaparingan renggan gambaripun)
ing nyonyah semu prihatin,
tuwan Sul denira crios.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

36. Kasrat satra latin Wlandi tembungipun,
jarwanya nyonyah geng kingkin,
sumawana dahat gandrung,
lukita gandrung myang kingkin,
(tembung)
lirnya kumacelu batos.

37. Kumacelu kapengin lirnya puniku,
maring jánma priya nanging,
dereng kasambading kalbu,
tegesira dereng bangkit,
(dereng saget)
kadugen ciptaning batos.

38. Dadya aran kingkin lawan wau gandrung,
mangkana ingkang manganggit,
denira weh wardi gandrung,
sumawana wardi kingkin,
nahen mangkya kang kacrios.

39. Ing jarambah sakiwa myang tengenipun,
kori geng inggih puniki,
kori tengah dalem agung,
wau kang ngripta ngarani,
(ingkang nganggit wau anamakaken)
kori ser len kagem miyos.

40. Yeku tembung kawi ser leresipun,
len tengah miyos umijil,
mijil medal tegesipun,
mila tinembungken kori,
wau ser len kagem miyos.
(tengah leres kagem medal)

41. Maring para sadya ingkang ngayun wau,
karengga bil gung sarakit,
bil wau Wlandi yoda nung,
tanapi wau prajurit,
manjer bak dera kanthi lot.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

42. Tegesipun tansah kanthi sonanipun,
lire sona wau anjing,
siji ageng angganipun,
de pojok ler kilen tuwin,
ingkang kaprenah wetan lor.

43. Ugi sami ingasri renggan bil agung,
(ugi sami rinengga bil ageng sae)
bil nyonyah kehnya sarakit,
sangga wang myang tanganipun,
kang sawiji malangkerik,
regeng haijanti katongton.

44. Tegesipun haijanti yeku kalangkung,
respati lire respati,
kang ngripta met raosipun,
langkung sae merakati,
karya kasmaran kang nonton.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

IX. ASMARADANA

1. Kajawi renggan warni bil,
kasebut megatruh ngarsa,
ing jrambah urut pinggire,
katatanan ing pot-potan,
geng alit dedamelan,
bangsa Wlandi sartanipun,
Cina Jawi tuwin Jepang.

2. Kaisen pethetan sami,
karan siwi lir bangannya,
warna-warna myang isine,
bangsa palem rupa-rupa,
dene panatanira,
selang-seling lan pangatur,
kursi-kursi serta kenap.

3. Lan resbanira rinakit,
pinatut patut tatanya,
lan sami winen jinise,
ngandhaping wau panjuta,
tariyum gantung ingkang,
nguntara sinungan bangku,
(lor)
minarmer malumahira,

4. Wangun mandhaliun peni
suku kajeng jati pelak,
alus undhagi garape,
patute sagung pethetan,
ron nedheng myang sri mukya,
lire godheng sinomipun,
lan kang sedheng tuwa nomnya.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

5. Kumelun awane mijil,
sirsetop kang darbe watak,
weh bagaspati tegese,
angenehi kekuwatan,
marang dhirining nara,
lire badane wong iku,
seger sumya rasanira.

6. Mangkya kang winarneng gendhing,
tritis jaga satru tepang,
lawan tritis topengane,
kang pindha pandhapanira,
pantyasa para sadya,
topengan wau winangun,
kawastan joglo dhapurnya.

7. Brukut sirap wreksa jati,
liripun kapayu sirap,
saking ing kajeng jatine,
kapyan jati epyanira,
kasingwit wardinira,
kacet seta sri dinulu,
weh astaning kang mangripta.

8. Lire weh bingah kang nganggit,
kasembuh bingah tyas denya,
mastuti dhawuh Sang Katong,
(angestokaken dhawuh dalem)
mriksa kahaneng udyana,
(mriksa kawontenaning pasanggrahan)
terangnya niti priksa,
dyan kinon anawung kidung,
dupyantuk papriksan nulya,
(sareng angsal titipriksa lajeng).

9. Sinerat dadya puniki,
babd crita pengetannya,
Madusita nyatur mangke,
balunganira topengan,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

punika jati wreksa,
dedegnya pideksa bagus,
cet sawo mateng ulatnya.

10. Ngengreng winimbuhan peni,
saking sagung lis kaprada,
marong kadi nyiratake,
lire mancoronge kadya,
nyiratken cahyanira,
manimpuneng cahya campur,
lire nglumpuk maring cahya.

11. Sumoroting cet ketangi,
kang ngayun wau winastan,
sawo mateng ngengreng sampyoh,
lan ulat cahyaning prada,
kancana gilar-gilar,
lir duta mangkara tarung,
lan samya gurnita ngantya.
(kados kilat tarung kaliyan sami kilat

12. Angeram-eramken maring,
kang ngripteng babad puniki,
nimbuhi sengkut driyane,
denira maniti priksa,
kahananing udyana,
mrikseng jrambahnya kang jumbuh,
(mriksa jrambahipun ingkang mleg)
pandhapa nanging topengan.

13. Gumrining den lap saben ri,
sorenjang pratandhanira,
tan wonten lebu demeke,
pinggir kiduling jarambah,
sarta timur pracima,
(sarta wetan kulon)
binatu kandha liripun,
sinungan undhak-undhakan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

14. Minursita tumepanging,
taritis topengan lawan,
pringgitan tinalang sae,
ngandhap talang madya sidhya,
tengah leres jarwanya,
karengga bil ageng wangun,
nyonyah ngadek ngesok toya,

15. Ing ngandhap saubenging bil,
riña rampa ing pot-potan,
lit-alit pethetan sine,
sipilir raning pethetan,
rinubung puspitanya,
karmija widung liripun,
kupa-kupu heh mahawan.

16. Mahawan dipun werdeni,
mabur pating kleper tansah,
awola-wali parane,
mring topengan nulya marang,
para sadya rubungan,
ngingsep sari sekaripun,
pethetan kalih panggenan.

17. Maneka-neka kang warni,
lirnya sanes-sanes rupa,
wau basunenda lire,
kupu kang mangrubung sekar,
saya stam tegesira,
saya bingah manahipun,
kang titi priksa udyana.

18. Kinarya babad puniki,
prasasat tan darbe sayah,
tumrap ta duk panandange,
manitra ngrancananira,
wardina nalikanya,
nyerat myang panganggitipun,
critaning babad udyana.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

19. Madusita tri Wedari,
Pralimaija sumawana,
bukit Endramarta rane,
samya nyenengken wardaya,
kalah ngene nging menang,
mangkanane temahipun,
prasaja grenenging driya.

20. Sadayanya den lem sami,
dening kang manawung basa,
mantiyanta yeku lire,
linangkung dening prayoga,
kinarya pangastam tyas,
lire ambibingah kalbu,
rnrih kabuka kang cinipta.

21. Nihan mangkya kang winuni,
lire samya kang winarna,
kamar kang den namakake,
dening kang ngripta lukita,
lire kang ngronce krama,
inggih punika kamar gung,
ser len longkanging pantyasa.

22. Lirnya tengah leres pan ti,
puraya gung Madusita,
cinatur kang lor gebyoke,
pinggir timur lan pracima,
(pinggir wetan lawan kilen)
wonten kalih korinya,
piranti yeku kalamun,
miyos mring pringgitan wuntat.

23. Antaraning kori kalih,
dadya gebyok tegesira,
kang kapit kori kalihe,
wau karengga ing gam bar,
ingkang dumunung tengah,
kapara nginggil puniku,
gambar dalem Jeng Narendra.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

24. Ingkang jumeneng nagari,
Surakarta Adiningrat,
Pajcubuwana kapinge,
kombul mahar dirgantara,
lire kaping sadasa,
soring gambar dalem wau,
kiwa tengen sinung gambar.

25. Gambar-gambar radi alit,
mangkana denya mradeksa,
lire mantes pranatane,
gambar wau kang satungga',
gambas Dalem Sawarga,
Gusti Prameswari Prabu,
Jeng Ratu Pakubuwana.

26. Kang kaping sanga Nagari,
Surakarta Adiningrat,
puniku dumunung munggweng,
wetannya gambar Dalem Sang,
Srinata ping sadasa,
siki malih gambaripun,
nyonyah Sarluwi lan nyonyah.

2 7. Kawarta yeku kang siwi,
nyonyah Sarluwi sartanya,
gam bare nyonyah wayahe,
sumawana gambarira,
wayah buyuting nyonyah,
Sarluwi wau manglumpuk,
anunggil satunggal plangkan.

28. Dumadya saplangkan isi,
gambaring nyonyah sakawan,
malih kang cinacahake,
(1) juga gambar kapradeksa,
panatane neng ngandhap,
kapering sakilenipun,
gambar Dalem ping sadasa.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

29. Gambar puniku kawarti,
gambar ibunipun tuwan,
ran Y.E.A. Sul Dhesence,
mangsuli parlu winarna,
gambar Dalem Sri Nata,
kang kaping sadasa wau,
wiyaring palangkanira.

30. (1) Same ter dene kang nginggil,
(5) gangsal dhesi meterira,
saha kaprada plangkane,
nginggil mawi kacundhukan,
makutha krun karajan,
Mahaija Sri Mahaprabu,
jarwanipun abusana.

31. Winastanan caraWlandi,
sumawana ngagem derban,
saha kathah seter-seter,
kang kaagem marong mubyar,
wimbuh Prabu Narendra,
dereng busana wus bagus,
arjanti bregas prasaja.

32. Wardinya kawi arjanti,
langkung respati winulat,
sagung solah bawa katong,
panggalih tulus ngumala,
lire kadi barleyan,
mancorong dera sumunu,
(mancorong anggenipun mancorong)
tarlen kadi Hyang Praman.

33. Lire datan beda kadi,
Hyang Pramana watakira,
kertarta dene jarwane,
kuwasa mariani limy a,
nguripi sanggyaning kang,
lire ing sadayanipun,
wiji-wiji sabuwana.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

34. Mangkana pralambang aji,
dera marta-martyam begnya,
(panggaliyan dalem anggenipun anggesangi tuwin anganyemi)
mring garwa myang suteng katong,
(Dhumateng garwa tuwin putra dalem)
wangsa-wadu wanda-wendra,
sujati y wan mring rat,
nihan mangkya kang winuwus,
laleyan pura udyana.

35. Mankya laleyan winarni,
(gebyog = pager)
kang wetan wonten kontennya,
cacah tetiga kontene,
inggih punika korinya,
kamar tri sawetannya,
kamar tengah leres wau,
kapurwanan kawursita.
(kawiwitan ingkang kacriosaken)

36. (1) Sajuga kang lor pribadi,
kori kamar mahjing marang,
ing kamar jinemwangine,
(kamar pasareyanipun)
prayantun dalem wartanya,
(2) dwi kori kamar tengah,
yeku kamar critanipun,
padandosan dalem ing Sang,

37. Sri Maha Dipaning jagad,
(3) tri kori kamar kang marnah,
kidul priyangga wirantos,
kamar pasareyanira,
Jeng Kyai Geng Wangkingan,
antaraning saloripun,
kori ingkang lor pribadya.

38. Karengga dening gambaring,
nyonyah Dhesence kang wreda,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lan nyonyah kalih putrane,
teranging wursita dadya,
(teranging canta)
gambar dwi wau nunggal,
sawengku palangkanipun,
mangkya nyrita antaranya.

39. Konten kang lor pyambak tuwin,
konten tengah kapasangan,
gambaring putrì bangsane,
Rumawi semune kadya,
kinarya karungrungan,
wus keh padeng tembangipun,
asmarandon salin durma.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

X. DURMA

1. Salorira puniku wau pigorah,
   pinasangan gambar lit,
   ugi gambarira,
   nyonyah Dhesence wreda,
   kanthi putranira kalih,
   de kidulira,
   pigorah wau malih.

2. Pinasangan gambaring Walanda tiga,
   tuwin saplangkan nunggil,
   marna sangandhapnya,
   puniku gambar-gambar,
   mawa rinarengga dening,
   ing pot pethetan,
   winangun kadya peksi.

3. Antaraning kori kang tengah kalawan,
   kori kang kidul sami,
   pinasangan srenggan,
   gambar geng malih uga,
   gambaring putrì Rumani,
   kang kawursita,
   (kang kacrita)
   wau kasmareng galih.

4. Nanging wau gegambar kinarya kadya,
   kekesahan lumaris,
   mangkya kang winarna,
   sakiduling dwarala,
   (sakiduling konten)
   ingkang kidul rinengga sri,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

gambaring tuwan,
Luwi Dhesence nami.

5. Ingkang dadya Administratur Cepaga,
sarimbait lan kang swami,
gantya kang winarna,
laleyan dhatulaya,
(pager gebyog kadhaton)
kamar madya sidhyeng panti,
(kamar gengah leres ing dalem)
iring pracima,
wonten korinya katri.

6. Kacarita punika kori dwarala,
lirnya kori-korining,
kamar sakilennya,
ing kamar madya sidhya,
(kamar tengah leres inggih punika gang sakaguru aturipun ingkang nyariyosaken babading Madusita kanamakaken kamar tengah leres)
(1) juga kori kang lor manjing,
marang ing kamar,
jinemritc Dalam Gusti,
(kamar pasareyan dalam Gusti).

7. Kangjeng Ratu Pakubuwana dene ta,
angka (2) kalih kang kori,
neng bulen lakyan,
(wonten tengah-tengahing gebyog)
ing kamar madya sidhya,
(ing kamar tengah leres)
wau ingkang mijil maring,
ing marga yasa,
kang ngarsa karan margi,
(ingkang ngajeng kawastan margi).

8. Kanggenira kinarya lumaris marang,
kradenayon angka (3) tri,
kori ingkang marnah,
kidul ugi korinya,
kamar wau madya sidi,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

(kamar tengah leres suwau)
kori kinarya,
manjing mring kamar pranti.

9. Sudhiyanya jinem wangining pra garwa,
(sudhiyan pasareyanipun para garwa)
ampeyan Sri Mahaji,
desa kidulira,
ing kori antaranya,
(sandhingipun kori ingkang longkang)
prenah kidul rinengga sri,
(enggen kidul rinengga sae)
gambar Walanda,
busana cara Jawi.

10. Kang rineka dera nrap busananira,
kadi Prabu taruni,
kori ingkang marnah,
kidul kalawan tengah,
antaranya wau kori,
(sandhingipun wau kori ingkang longkang)
lot kapradeksa,
(tansah kapantes)
ing gambar ageng malih.

11. Gambarira putii Rumani wau kang,
sota cipta geng kingkin,
(manah mindeng sanget gandrung)
myang rineka kadya,
lumaksa kekesahan,
kadi kang kasebut nginggil,
nanging kapetha,
(nanging karupa = kawujud)
pethanya marek maring,
(wujudipun sowan dhumateng).

12. Satunggaling Naradi Mahapandhita,
(satunggaling tiyang linangkung anetepi mandhita)
dene saler kiduling,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pigorah punika,
bil alit-alit petha,
sinyo lawan nyonyah dadi,
pangaturira,
(panatanipun)
kinarya amarapit.
(ngapit-apit)

13. Mangkya marna saantaraning dwarala,
(sapunika nyariosaken lelongkang ingkang sandhing kori)
ingkang tengah lan kori,
kang marnah untara,
(ingkang manggen lor)
sinung malih geng gam bar,
(kapasangan malih gambar ageng)
gambaring putri Rumani,
ingkang maniwa,
(ingkang sowan)
mring wau Maharesi.
(dhumateng maha pandhita wau)

14. Nanging putri Rumani sampun katingal,
arsayanireng ati,
(bingahing panggalihipun)
kabuka bingahnya,
lan kadang-kadangira,
ambok ywan sampun kapanggih,
kaliyan ingkang,
lod dadya cipteng ati,
(tansah dadoa pamindenging manah).

15. Sakidulnya pigorahing putri nyonyah,
Rumani kang kawarti,
ngarsa dedeling tyas,
lire ambukeng manah,
mangastam-astam kang wardi,
ambungah-bungah,
lan kadang-kadang mawi.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

16. Rinarengga dening pot tembok sajuga,
bangsa Cina kang kardi,
winangun kukila,
lan malih untaranya,
(loripun)
punika rinengga asri,
gambar papanya,
winangun kadi piring.

17. Isinira gambaring wong Turki bangsa,
gambar wau tinulis,
lire corakira,
ing tuwan Sul priyongga,
prayoga asri mimbuhi,
regenging kamar,
pantyasa madya sidi.
(kamar tengah-leres ing dalem)

18. Salerira kori ingkang 1er priyangga,
karengga gambar malih,
gambar bangsa Cina,
ing mangkya kang winarna,
kamar madya sidhya mawi,
(kamar tengah-leres mawi)
kaloteng pelak,
sineta cet gumrining.

19. Tengah leres kamar wau kapasangan,
triyun gantung pang katri,
saler myang kidulnya,
triyum gantung pang tiga,
wau ugi den pasangi,
panjuta pelak,
karas dilah gasohn.

20. Cacahira nyatunggal dadya petangnya,
ingurub gangsal iji,
de jarambahira,
ing kamar madya sidhya,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

(ing kamar tengah leres)
kabalabag kajeng jati,
lumahing blabag,
ginelaran lelampit.

21. Sangandhaping tariyum gantung pang tiga,
sinung meja sawiji,
mamer wangunira,
antik bunder utawa,
wau meja dipun apit,
kursi wangunnya,
winastan dhudhuk antik,

22. Sanginggiling wau meja sinung blumpas,
salering meja mawi,
renggan kursi goyang,
ngaran winen jinisnya,
mangidul ngajenging kursi,
dene lorira,
ing kursi goyang mawi.

23. Kapradeksa (kapantes) kapasangan kang winastan,
setandrat de kang wardi,
bancik pot wujudnya,
peni garap gorata,
gorata alus kang wardi,
dene lorira,
setandrat den pasangi.

24. Kursi peni wangunira modhel anyar,
lan malih rinengga sri,
meja main jaga,
kaapit kursi goyang,
wangun antik sarta margil,
(sarta mrenah)
mepet laleyan,
ing untara kang iring,
(iring ingkang lor).

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

25. Trangnya mepet laleyani iring untara,
(terangipun mepet pager gebyog iring lor)
wondene saluhuring,
wau méja langyan,
(meja main wau)
rinengga tinumpangan,
lonceng wangun meja kadi,
(lonceng wangunipun kados meja)
tranging lukita,
(tranging tembung)
kidungan mamet dhong-dhing.
(tetembangan mendhet dhong-dhing)

26. Wangunira lonceng wau kadya meja,
sedyanya kang mangirip,
(sedyanipun ngemper)
sang kawi nanging ta,
(pujangga nanging ta)
kaina pra sarjana,
(kacacat para saged)
lire kacacat pra mursid,
mursid jarwanya,
saget manganggit krami.

27. Nihan mangkya amarna lori dwarala,
(anyariyosaken loring kori)
ing laleyan kang sisih,
(ing pager = ing gebyog = kang sisih)
untara priyangga,
(eler piyambak)
rinengga kursi juga,
winastan antik kang jinis,
denira masang,
mepet laleyan margil.

28. Tegesira marnah mepet ing laleyan,
(marnah mepet ing pager gebyog)
wondene antawising,
(wondene godhag sacelaking)

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kori wetan ingkang,
1er kaliyan kang tengah,
karengga ing meja main,
jejer kaliyan,
kursi dwi dhudhuk antik,

29. Dumunungnya wonten 1er mepet laleyan,
(mepet pager gebyog)
nginggiling meja main,
wau katumpangan,
bil Sul dut kalih jaga,
antareng bil Sul dut kalih,
(godhagan sacelaking bil kalih)
kang wangunjaga,
rinengga büket kalih.

30. Mangkya marna antaraning kori wetan,
(sapunika nyariyosaken godhagan sacelaking kori wetan)
lawan kori kang margil,
(kaliyan kori ingkang marnah)
neng kidul rinengga,
kursi dwi antik samya,
pamarnahnya wau kursi,
mepet laleyan,
(mepet pager gebyog)
mangkya ingkang winarni.

31. Sakiduling kori wetan sumawana,
(sumawana wau punapa dene)
kang marnah kidul mungging,
(ingkang manggen wonten ing kidul)
puniku rinengga,
kursi antik sajuga,
denira mradeksa margil,
mantes marnâhnya,
mepet laleyan asri.
(mepet pager gebyog sae).

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

32. Pojokanya kidul laleyaning kamar,
(kidul pager gebyoging kamar)
ingaran madya sidi,
(ingkang winastan tengah-leres)
rinengga setandrat,
(karengga bancik pot)
binunder wangunira,
kasungsun tiga kinardi,
(pandamelipun kasungsun tiga)
mangkya amarna,
sangayuning kang kori.

33. Kori kilen kang mrenah kidul pribadya,
karengga ing lemari,
isi serpis perak,
mimbuhi regengira,
marang kamar madya sidi,
(dhumateng kamar tengah leres)
nihan ing mangkya,
gantya amarna teksih.

34. Sagutheking wau kamar madya sidhya,
(saguthiking wau kamar tengah-leres)
antaraning kori,
(godhagan sacelaking kori)
kilen kang amarnah,
kidul kaliyan tengah,
mawi katatanan kursi,
wangunanira,
winastan dhudhuk antik.

35. Mawi kasur baludru tinepi pita,
kesting sutra myang mawi,
kaburdir sekaran,
kursi wau pandaya,
(kursi wau pirantos)
palenggahan dalem Gusti,
Kangjeng Sri Nata,
bilih tedhak Wedari.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

36. Antaraning kori kilen ingkang tengah,
(godhaging sacelaking kori kilen ingkang tengah)
lan kori ingkang margil,
(kaliyan kori ingkang manggen)
neng lor rinarengga,
meja main sajuga,
katumpangan lonceng peni,
tanapi manwa,
ingapit rerenggan bil.

37. Ingkang kidul bil nyonyah tri rerangkulan,
ingkang lor bil Walandi,
nyepeng setut sona,
meja puniku mawa,
pinantes den apit kursi,
antik jinisnya,
kinasur kadya ngarsi.

38. Nahan parlu kawursita wiwit sekar,
(kendel ingkang kasebut ing nginggil, nanging parlua nyariyosaken wiwit sekar)
kasmaran pada wilis,
(asmaradana petanging pada)
(19) sangalas praptanya,
pupuh jingga taruna,
(sekar durma)
punika ingkang winarti,
(punika ingkang kacariyosaken)
saguthekira,
ing kamar madya sidi.
(ing kamar tengah leres)

39. Inggih wau kamar len godhaging saka,
(inggih wau kamar tengah godhaging saka)
guru pat ingkang sami,
siningget laleyan,
(siningget pager = gebyog)
ing teleng-telengira,
(ing tengah-tengahipun)

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kang ngripta dera ngarani,
(ingkang nganggit anggenipun namakaken)
kasebut ngarsa,
ing kamar madya si di.
(ing kamar tengah leres)

40. Tuwin kamar madya sidhya sesamanya,
samangkya sampun titi,
titi tlas jarwanya,
dera monya tur kamar,
kang kasebut madya sidi,
(Anggenipun nyariosaken kamar ingkang kasebut tengah leres)
nihan samangkya,
pucunge gantya marni.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

XL PUCUNG

1. Jagasatru ing wingking pendhetanipun,
   saking panunggupnya,
   ing dhatulaya Wedari,
   (ing kadhaton pasanggrahan)
   kacarita ujuring singgetanira.

2. Ujuripun mangilen kori kehipun,
   (4) sakawan ajengnya,
   marang ing untara sami,
   (sami dhumateng mangaler)
   singget timur tanapi singget pracima,
   (singget wetan utawi singget kilen)

3. Samya mujur mangaler yeku sadarum,
   kinori (1) nyatunggal,
   dadya gunggung (6) nenem kori,
   sami sampun kinocap neng raras driya.

4. Tegesipun pupuh mijil munggeng ngayun,
   sumyang ing samangkya,
   lirnya mlia sapuniki,
   kang kawuwus sagutheking para sadya.

5. Wuri wau riningkes cariyosipun,
   ucuking parasdya,
   ing epyan lan kacet putih,
   singgetanya laleyan ugi cet seta.
   (singgetanipun ing pager = gebyog ugi cet pethak)

6. Setanipun laleyan antareng pintu,
   (pager-gebyog sacelaking kori)
   samya rinarengga,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

gambar-gambar keh ananging,
tan winijang margiling pamasangira.
(boten kawijang manggening pamasangipun)

7. Kang winuwus jrambahnya kaplester alus,
nadyan wus mangkana,
kapradeksa den gelari,
(kapantes dipun gelari)
lante dhukut (lampit suket) sinekar asri kawuryan.
(panganamipun sinekar katingal sae)

8. Jrambah wau rinarengga kenap bangku,
bil büket utawa,
lemari pelak tanapi,
kantor bagus pandaya nitreng pustaka.
(pirantos anulis serat)

9. Marmanipun wawengkon saguthekipun,
wau para sadya,
regeng asri merak ati,
lire narik marang tyasing para kenya.

10. Wuh kasembuh dera marak nganggo lungguh,
jrambah regeng pelak,
tinon asri nganti sami,
lali guling tur ratri kuwat kewala.

11. Dhasaripun kasembuh saking tyasipun,
ngeling-eling wulang,
Bratasunu wulang siwi,
kinon anut miturut marang narendra.

12. Sarta emut aja maneh wong puniku,
maring Gustinira,
Sri Mahamarta tyas adii,
ngasta pati uriping para kawula.

13. Milanipun para kenya tansah emut,
kawasaning nata,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nata ingkang angingoni,
temah ngrucat (wekasan angicalaken) ing cipta sedya sembrana.

14. Kajaba mung sungkem lair batinipun,
ngelingi wewulang,
wong ngawula nora keni,
ngandelaken dupeh sinihan narendra.

15. Yan katrucut nglakoni panggawe luput,
pinundhut sih nata,
lir paran dera nututi,
(kados pundi anggenipun anututi)
mung temahan (mung wekasan) getun tan antuk aksama.

16. Yen tuhu bathining pra kenya wau,
der lerep miyarsa,
mring sagung wulang utami,
kang winaca neng ngarsa Dalem Narendra.

17. Bratasunu Wulangreh lan Sanasunu,
sesamanya wulang,
kang utama maedahi,
mring kang marak sor pada dalem narendra.

18. Mangka wuruk nadyan bapa-biyungipun,
denira weh warah,
marang sutane yen ngabdi,
kinon sungkem maring Gusti Ratunira.

19. Milanipun kenya kang grahiteng kalbu,
osiking war day a,
aja maneh wong ngaurip,
jeneng ngabdi sanadyan nora ngawula.

20. Nanging weruh lan rumangsa ngemut-emut,
nikmate denira,
mangindhung myang magersari,
munggweng bumi wawengkon kagungan nata.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

21. Temahipun para kenya ciptanipun,
rinten dalu tansah,
mung ukir osiking pikir,
ngiker-iker sedya males sih narendra.

22. Mrih Sang Prabu sukeng tyas rinten myang dalu,
sing luwes lemesnya,
tyasing kenya dera sami,
mangladosi kang dados pareng narendra.

23. Sagalugut legetan kang sedya muncul,
nguciwani karsa,
karsa Dalem Sri Bupati,
kasirnakken saking tyas sedya rahaija.

24. Ciptanipun pra kenya samya sumurup,
upama manungsa,
nguciwani maring janmi,
aprasasat nguciwani mring pandhita.

25. Mangka lamun karya ing kuciwanipun,
pandhita prasasat,
agawe kuciwa maring,
Gusti Rasul mangka Kangjeng Sri Narendra.

26. Gantyanipun Kangjeng Nabi Rasul wau,
sapa wonge karya,
kuciwa marang narpati,
aprasasat gawe kuciwaning Allah.

27. Mangka lamun gnuciwani mring Allahu,
iku yekti karya,
kuciwa badan pribadi,
kang mangkono para kenya samya yatna.

28. Tegesipun yatna eling mila tulus,
wau kenya samya,
luwes lemes merak ati,
mring sor pada Dalem Kangjeng Sri Narendra.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

29. Sabaoipun pra kenya enget pitutur,
tuturing wong tuwa,
yen elinga wong ngaurip,
nalikanya arsa nitis marang dunya.

30. Dhawuhipun Uusti ingkang Maha Agung,
jinanji pra janma,
lelakone para janmi,
tiba enak lan tiba nora kapenak.

31. Iku tuhu Allah nora melu-melu,
nanging amung saka,
polah tingkahe pribadi,
kenya eling tanpa nutuh mring Hyang Suksma.

32. Kang tinutuh badane dhewe puniku,
sadayaning kenya,
yen kanggone den elingi,
insyah Allah nemu slamet donya-kerat.

33. Nahen iku sanadyan ing ngayun wau,
denira nyarita,
gutheking pringgitan wingking,
mung karingkes tan dinirgyeng caritanya.
(boten kapanjangaken cariyosipun).

34. Nanging parlu marna gambar Dalem Prabu,
(nyariyosaken gambar Dalem ingkang Sinuhum Kangjeng Susuhunan)
kang lenggah margilnya,
(ingkang lenggah manggenipun)
kang munggeng topengan ngarsi,
gambar wau potrek lan lenggah kasukan.

35. Kang kinaryun (ingkang kakarsakaken) andherek kasukan wau,
Bandara Pangeran,
Arya Prabuningrat tuwin,
tuwan Tenis Dhesence lawan Walanda.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

36. Namanipun tuwan Eming kalihipun,
nyaritakken gambar,
kang katata rhanggen mungging,
guthekannya pringgitan wau ing wuntat.

37. Gambaripun inggih wau kang kasebut,
namanipun tuwan,
Tenis Dhesence kawarti,
dherek lenggah gambar dalem kang kasukan.

38. Nahen wau kang sampun winarneng ngayun,
mangkya kan winarna,
tritis jaga satru wingking,
tepang lawan pantyasa pandhapa wuntat.

39. Talangipun satunggal nadhahi ranu,
warsaya kang tiba,
pringgitan lawan pandhapi,
rapet rata gumarining einet seta.
(kaecet pethak)

40. Panti wau limasan wastaning wangun,
ujurireng bungkak,
(ujuring wuwung molo nginggil)
manguntara den emperi,
(mangaler dipun emperi)
mubeng bagus payu sirap jati wreksa.
(payon sirap kajeng jati)

41. Saka guru pangeret balandaripun,
usuk sasaminya,
binalungan kajeng jati,
myang kaepyan warata ingecet seta.

42. Jrambahipun kaplester gumrining bagus,
dedeging pandhapa,
angronje kang awit saking,
anututi mring luhuring dhatulaya.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

43. Mamrih gathuk tritising pandhapa tepung,
lan tari tisira,
pringgitan puniku sami,
emper ingkang winastan wau pananggap.

44. Mangka wau saka guru dalem agung,
panjangnya upama,
kaukur (4) pat meter luwih,
(7) pitung dhesi mangka pandhapi ing wuntat.

45. Ukuripun alit luhuripun manut,
luhuring puraya,
mila ingaranan lencir,
nadyan lencir nanging kawuryan respatya.

46. Lire tembung respatya respati iku,
kenging sinurasa,
sanget angremenken ati,
dadya langkung saking amerak wardaya.

47. Nihan iku jrambahing pandhapa wau,
kalebet empernya,
saking tritis kidul prapti,
tritis kang lor ukurnya wonten (2) dwi dhekah.

48. Tegesipun (20) kalih dasa meter iku,
dene ngilenira,
wonten (1) juga dhekah tu win,
(3) tiga meter (8) wulong dhesi langkungira.

49. Mangkya nyatur tengahing pandhapa wau,
kapanjeran meja,
myang kursi kinarya pranti,
lamun Gusti Sri Nata lenggah bujana.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

XII. SINOM

1. Pinggiring jrambah pandhapa,
   sinungan pot-potan peni,
   samya sukur pathetanya,
   saking kareksa saben ri,
   sarta sinungan malih,
   bipet tanapi lemántun,
   masin es lot cumepak,
   (mesin es tansah cumepak)
   lan setandrat gambar isi,
   gambar Dalem Jeng Ratu Alit utawa.

2. Bandara Dyan Ayu asma,
   Purwadiningrat utawi,
   Bandara Pangeran Arya,
   Kusumayuda tanapi,
   Dara Pangran sambat sih,
   Arya Matarum puniku,
   putra mantu dalem sang,
   Jeng Sri Mahadipeng Bumi,
   ingkang garwa puniku wau kang asma.

3. Jeng Ratu Alit kang kocap,
   ing ngarsa atmajeng aji,
   dadya atmajeng narendra,
   ping sadasa putri kalih,
   jalu juga winarti,
   potret neng setandrat wau,
   (gambaripun ingkang wonten bancik gambar wau, dene pasang rakitipun ingkang ñama setandrat ingkang tegesipun bancik gambar wau, kados boring lare sekolah)
   myang isinya setandrat,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

gambar nyonyah tuwin Wlandi,
ugi kathah tan winarna namanira.

4. Ananging laju amarna,
meblesing pandhapa wingking,
wau keh maneka warna,
(sanes-sanes warnanipun)
de buketnya samya isi,
(dene wadhahipun sekar sami isi)
kusumendah kang warni,
(sekar sae warninipun)
ron wilis mariyu-riyu,
(godhongipun ijem riyu-riyu)
layak karya ayemya,
(pantes adamel ayemipun)
tuwan nyonyah Sul ing galih,
lega bingah ningali srining pandhapa.

5. Sagung saka pinasangan,
teplok panjuta (dilah teplok) gasolin,
dene jrambahing pandhapa,
kang lenggah kinarya inggil,
lan jaga satru wingking,
papak rata inggilipun,
namung kang iring wetan,
lan iring pracima sami,
(kaliyan iring kilen sami)
kinarya ndap emper ginajog jrambahnya.

6. Gajah pandhapa sinungan,
lampu gantung wimbuh asri,
jrambahing emper pandhapa,
timur myang pracima mawi,
(wetan tuwin kilen mawi)
sinung pot-potan isi,
pethetan mawarna wimbuh,
regeng asri kawuryan,
lan sinung meja piranti,
pangrantunan kalamun nuju bujana,
(padekekan ajeng unduring pirantos dhahar tuwin dhaharan manawi pinuju dhahar).

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

7. Leman ugi sinungan,
(lemari inggih dipun dekeki)
saringan drawina warih,
(saringan toya pangunjukan)
ugi sinung de toyanya,
tansah tas-tes den tadhahi,
genthong geng beling peni,
tamat mama sajronipun,
panti pandhapa wuntat,
manna mangkya kang winarni,
panangaping dhatulaya ingkang tepang.

8. Kaliyan marga yasa kang,
kadhapur kampung sawemi,
klabang nyander margi marang,
kradenayon kasbut ngarsi,
dadya ujuring panti,
mangilen dumunungipun,
(dados ujuring griya mangilen manggenipun)
kilening dhatulaya,
(kilening kadhaton tegesipun dalem ageng pasanggrahan Madusita)
balunganya kajeng jati,
(ingkang balunganipun kajeng jati wau kampung klabang nyander)
payu sirap palester jarambahira.

9. Sarta linaleyan krepyak,
(pinager lan krepyak)
kacet biru laut peni,
nanging kidul godhagira,
ing saka tan den pageri,
piran ti mandhap maring,
palataran milanipun,
tritis kang kidul mawa,
batu kandha den jarwani,
lira jarwa tegesnya undhak-undhakan.

10. Tumt pinggir wau wisma,
klabang nyandét den pranteni,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ternari busananira,
(wadhah pangagemanipun)
pra putii yadyan tutwuri,
(para putii manawi andherek)
tedhak Dalem Sang Aji,
jejer kanan kering kemput,
sadirgyeng margayasa,
(sapanjanging margayasa)
tamat nyrita sagutheking,
marga yasa klabang nyander wau wisma.

11. Ing mangkya kang winursita,
tepanging wau kang nami,
marga yasa akaliyan,
dalem kaputren kang margil,
lire kang manggen mungging,
pracimeng kang karan wau,
(kilen ingkang kanamakaken wau)
marga yasa wangunnya,
dalem kaputren winarti,
pan kinarya limasan mubeng empernya.

12. Watyeka pan ti dumadya,
(kacariyosaken dalem punika dados)
tengganya Dyan Ayu Pati,
Sedhahmirah kang ampeyan,
dalem Kangjeng Sri Bupati,
ping sadasa mandhiri,
pundhen Paku Buwana gung,
Nagari Surakarta,
Adiningrat Tanah Jawi,
pan ti wau binalungan jati wreksa.

13. Pinayu jati sirapnya,
wuwunging molo kinardi,
m an gun tara ujurira,
(mangalor ujuripun)
nanging singgetaning pan ti,
rineka majeng maring,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mangalor de ukuripun,
saking taritis ingkang,
kidul prapta ler kang tritis,
(1) juga dhekah (4) awan meter langkungira.

14 (7) Pitung dhesi materira,
saking tritis we tan prapti,
tritis pracima ukurnya,
(tritis kilen ukuripun)
(14) catur wlas meter tan api,
(kawan welas meter tuwin)
langkungnya (7) pitung dhesi,
jrambah kapalester alus,
de emper kang leresnya,
sakiduling gajah mawi,
singget dadya kalih gedhong de pagemya.

15. Ginebyog ing jati wreksa,
(ginebyog ing kajeng jati)
gedhong kang wetan kinardi,
kamar jinem wanginira,
(kamar pasareyanipun)
Raden Ayu Adipati,
Sedhahmirah kang sisih,
kilen kangge gudhang sagung,
bekakas de singgetan,
wau kinori nyatunggal,
dadya kalih sami ngaler ajengira.

16. Gedhong kang dumadya kamar,
jinamwangi wau mawi,
(pasareyan wau mawi)
candhela kalih ajengnya,
sami mangidul warna sri,
gedhong kilen kang dadi,
gudhanging bekakas wau,
kacandhela satunggal,
ajengnya ugi kasami,
mring mangidul wondene wau kamarnya.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

17. Prayantun dalem kang asma,
Raden Ayu Adipati,
Sedhahmirah pandayanya,
(pirantosipun)
ing jinemwangi miranti,
(ing pasareyan mirantos)
cekap tan nguciwani,
(cekap boten anggelani,
suraosipun ambingahaken)
jro kamar sinung lemantun,
sesamyeng pandayanya,
(sesamining pirantosipun)
ing kamar jinem rik mawi,
(ing kamar pasareyan mawi)
kaca gambar myang bangku dilah samekta.
(samekta wau pepak)

13. Jro jrambah godhaging gajah,
tanpa kinupeng ananging,
namung kinarya blak-blakan,
dineya mangka pandhapi,
(kadamel dados pandhapi)
jrambah wau kinardi,
langkung inggilnya kalamun,
tinimbang lan jrambahnya,
ing empering wau panti,
mangsuli nyarita jrambahing gajah.

19. Ing ngriku mawa sinungan,
lemari ageng utawi,
panjang isi bala pecah,
miranti dipun pasangi,
lampu gantung prayogi,
de empering panti wau,
mawa pandayeng meja,
(mawi kang pirantosan ing meja)
ageng-ageng sawatawis,
tamat crita tenggan ing Sedhahmirahan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

20. Mangkya ingkang winursita,
sakidul kilening panti,
tenggan ing Sedhahmirahan,
wonten wismanya piranti,
padusan para srenggi,
(pasiraman para luhur)
tritising suyasa wau,
(taritising dalem wau)
kang ler sapalih ingkang,
sasisih wetan kinardi,
tepang lawan taritis rangkalya ingkang.
(taritis dalem ingkang)

21. Kinocap dadya tengganya,
Raden Ayu Adipati,
Sedhahmirah tranging crita,
kang tepang wau taritis,
kang kidul peranganing,
iritis kilen watesipun,
urusan saka rawa,
sipat blandar kilen sidik,
(sipat balandar kilen leres)
made (dalem) tenggan wau ing Sedhahmirahan.

22. Inggih punika singgetan,
(inggih punika elet-eletan)
jaga maya wreksa jati,
pager gebyog tegesira,
kang sisih kilen pribadi,
wondene wau panti,
pasiraman prenahipun,
mepet mahodana kang,
(mepet pager = capuri kang)
pracima (kilen) kabukut dening (kapayu saking)
sirap jati tembok jaga mayanira.
(tembok pageripun)

23. Mujur mangaler wuwungnya,
singget dadya kamar kalih

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

(kapiyak dados kamar kalih)
sisihan kidul untara,
(sisihan kidul ler)
de ukuranira sami,
ngetan ngilen winilis,
(6) nem meter de ukuripun,
ngaler myang ngidulira,
(3) tri meter dene kang sisih,
lor dumadya pasiraman Dalem Nata.

24. Kang kidul puniku dadya,
pasiramaning pra putri,
putra-putra dalem ing sang,
Sri jumeneng Maha Aji,
tuwin wangsen dyah singgih,
(santana dalem ingkang bangsa luhur)
dene pasiraman wau,
sing tembok pasiraman,
ingkang sisih wetan tuwin,
prenah tengah dados leresing singgetan.

25. Katembok mujur mangetan,
prapta ujung tritis panti,
(dumugi pojok tritis dalem)
dhatulaya kang kaprenah,
ing kidul kilen tan api,
tembok wau dumadi,
watesing capurinipun,
kaputren lan ngajengan,
myang tembok ingkang kawarti,
wau matesing kaputren lan ngajengan.

26. Sinung kori kenya pura,
liripun kori manawi,
kangge manjing mring kandhyahan,
saking kendhyahan umijil,
maring plataran ngarsi,
lan lenlen nanging ing ngayun,
de saking wau kamar,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pasiraman wonten kori,
terus marang emper made tengganira.

27. Radén Ayu Adipatya,
Sedhahmirah kang kapering,
puniku kanang pracima,
(punika ingkang kilen kamar pasiraman mawi)
sinung candhela kalih,
neng wetan dumunungipun,
myang kinonten satunggal,
kinarya yen manjing maring,
pasiraman kang sisih kidul sarywanya.

28. Kamar pasiraman ingkang,
kidul wau sinung kori,
satunggal majeng mange tan,
myang sinung candhela inggih,
satunggal pamasanging,
candhela majeng mangidul,
lan kinulah satunggal,
myang jedhi godhogan warih,
muhung juga ing mangkya ingkang winarna.

29. Kamar ler kalih kulahnya,
kan'g manawung aminarni,
(ingkang ngronce tembung anyariosaken)
sagutheking wau kamar,
kang lor tembok srasah mawi,
jobin marmeran peni,
pinuspita (sinekar) corakipun,
inggih punika kamar,
agem Dalem Sri Bupati,
kawarnaa antaranireng dwi kamar.

30. Inggih wau pasiraman,
wonten telihing we kalih,
(wonten telihing toya kalih)
tembok wangun barumbungan,
(pilar banon wangun gilik)

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

telih wau kilem warih,
wening sangkardi tebih,
(beninging warih toya saking gunung tebih)
purwanireng wau ranu,
umareng pasiraman,
kulah dwi agem narpti,
myang parendyah salsilahing kartiyasa.
(aslining bangsa luhur)

31. Srana plempeng dwaralanya,
(srana brumbungan = urung-urung, kori, margi, dalanipun)
ilining puniku warih,
warneng plempeng saking tosan,
(warni, wujuding plempeng saking tosan)
wonten kang kapetak tuwin,
(wonten ingkang kapendhem utawi)
gumantung pangruktining,
(gumantung pangrakitipun)
pamasanging plempeng wau,
(pandekeking plempeng wau~
praptaning teleh toya,
ya dyan arsam bagi-bagi,
(manawi badhe ambage-bage)
kran-kranipun telih pinuter gya menga.

32. We mancur mring kulah-kulah,
sumawana dhateng jedhi,
(punapa dene dhateng jedhi)
jedhi wau wonten krannya,
kawajibanira bangkit,
maweh panduman warih,
ingkang panas purwanipun,
(ingkang benter wiwitipun)
we den dang pawaka,
(toya dipun godhog ing latu)
yen krannya pinuter nuli,
mancur anjok ing kulah ler kang satunggal.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

33. Myang kulah wau kranira,
kang saking ing telih kalih,
kang juga ya dyan kabuka,
(ingkang satunggal manawi kabikak)
bangkit kadi dresing riris,
(saged kados deresing jawah)
dene kang juga tebih,
(dene tebih ingkang satunggal)
tumamparnya tegesipun,
mancur gumrojog limrah,
kajawi punika kowi.
kowi kowen tegesira yeku kulah.

34. Pinasangan dhingklik panjang,
kagem lenggah yen sesuci,
sarta sampiran pasatan,
ugi mawi den prantosi,
rinengga sawatawis,
kaca mangka pasrenipun,
(kaca kadamel dandos rerengganipun)
tamat ingkang nyarita,
maring ing wau prakawis,
madryasa (dalem) kang winastan pasiraman.

35. Mila mangkya kang winarna,
kasidhya untareng panti,
(kaleres salering panti dalem)
pasiraman wonten pantya, (dalem)
kinarya gedhang sasisih,
(kadamel gedhang salirang)
manggennya mepet munggwing,
maodana imbang timur,
pager kang sisih wetan,
lirnya kang lir balowarti,
griya gedhang salirang wau pagernya.

36. Tinembok kinori juga,
puniku kinarya p.ranti,
utawi winastan pantya, (griya)

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

wimba kasmala (kakus) ing mangkin,
critanya wau panti,
wimba kasmala walutru,
walutru tlas tegesnya,
mangkya gantya kang winarni,
pupuh gam'ouh kang wajib tampi nyarita.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

XIII. GAMBUH

1. Kaluring cimanipun, (kaleres kilenipun)
   ing pandhapi wuntat sartanipun,
   loring panti kampung kang dipun wastani,
   klabang nyander wau ngayun,
   wonten kampung mujur ngalor.

2. Ing wetan sartanipun,
   ingkang kilen wau griya kampung,
   kaemperan pojoking emper taritis,
   wetan kidul adu ujung,
   tegesira adu pojok.

3. Kaliyan pojokipun,
   pura kang ler kilen wau kampung,
   binalungan santosa ing kajeng jati,
   payu gendheng rapet brukut,
   kajaga maya ing tembok.
   (kapageran ing tembok)

4. Kang bata tembok wau,
   (kang pager tembok wau)
   gajahira dene emperipun,
   kang pracimai katawi (ingkang kilen kapageran) tosan lit gilik,
   winastan kawat puniku,
   kinarya kandhanging babon.

5. Sarta kabiri sawung,
   gajah kangge gedhong kokinipun,
   emper wetan kaangge yen racik-racik,
   kang arsa rinateng sagung,
   (sadaya ingkang badhe kaolah kamatengan)
   ing samangkya anyariyos.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

6. Ing sisih kidulipun,
wisma wau sinung griya dhapur,
gedhang slirang piranti malanten nyetrik,
(methak nyetrik)
salering griya puniku,
wonten malih griya pawon.

7. Kinikis tegesipun,
pinageran banon tembok kukuh,
saluhurnya kaplat sisih wetan mawi,
emper tinepang salajur,
(emper katepangaken dados salajur)
lan emper griya kang manggon.

8. Ing wetan dhapur kampung,
amangsuli nginggiling plat wau,
madyanira yeku kaadegan panti,
winangun kalangkung luhung,
binalungan kajeng jatos.

9. Sirap kudhunging usuk,
adhepira ngeblat pat tinutur,
(kacariyosaken ajengipun ngajengaken dhumateng keblat sakawan)
wuwung kalih trajangan marapat dadi,
lir panti mungsik kang payu,
(kados griya mungsik payonipun)
nestha pat wanguning wangon.
(nestha sakawan wanguning griya)

10. Ing saka-sakanipun,
tuwin palang-palangnya puniku,
rinarengga dilah gelas damar lilin,
manca warna sii dinulu,
nguniweh (utawi) ngrembaka tinon.

11. Dening rumambatipun,
lunging tanem pethetan sru subur,
sanityasa (tansah) mardapa lan lot sumari,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

(tuwin boten kendhat ngedalaken sekar)
mrakati mangastam kalbu,
(nyelak saha anggeret tuwin ambingahaken manah)
salebeting wau wangon.
(salebeting griya wau)

12. Meblemennya tinutur,
(rengganipun kacariyosaken)
kursi kenap saking tosan bagus,
kang mangripta nalika manger ningali,
(ingkang nganggit nalika minggah aningali)
susilaneng jrambahipun,
ing plat sedhum ayem kraos.

13. Klimating ron lawan lung,
lire hawa godhongan lawan lung,
saking wau pethetan kang mrambat asri,
umiyos tansah kumutuk,
watek kang wasta sirsetop.

14. Lire sirsetop wau,
hawa sae ingkang angsalipun,
karya waras temahan nguwatken dhiri,
nguniweh (punapa dene) yeku sinembuh,
saking we wening (saking toya bening) tinonton.

15. Amargi ing plat wau,
inggil munggeng sanginggiling ranu,
juntung tepyeng (urut pinggiripun) plat sinung pot tharik-tharik,
isi pethetan ranipun,
burba nagara sri tinon.

16. Wet dening sekaripun,
rampak jejer-jejer ajengipun,
mangayunken sorot sirating Hyang Rawi,
puspita panganggepipun,
puniku Hyang Maha Manon.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

17. Dening satmakanipun,
(amargi gesangipun)
nadyan tuwuh neng kisma we penuh,
(nadyan thukul wonten ing siti tinoyanan kathah)
nanging lamun tan antuk soroting rawi,
rumaos lesah glis layu,
mila inganggep Hyang Manon.

18. Salernya ing plat wau,
sinung krustin pambucalan kukus,
saking jroning griya pawon wau krustin,
kadi pilar gilig agung,
sing luhuring wisma moncol.

19. Kacrita marginipun,
wisma kang neng nginggiling plat metu,
sakilenya ing pawon umanger maring,
(uminggah dhumateng)
mangaler dumuginipun,
pojok pawon kang lor kulon.

20. Dyan anggubed matimur,
lire gubed mangetan puniku,
prapta loring panti pawon kang kinardi,
plat wau puniku laju,
prapta panti nginggil pawon.

21. Kang catur nesthanipun,
dene wau lampahnya lumuhur,
pinandaya batu kandha wreksa jati,
winastan andha puniku,
maning sinungan pirantos.

22. Neng kiwa tengenipun,
margi wau kapit kawat kukuh,
nginggil margi pinayu trancangan wesi,
kawat nganam bolong runtut,
pindha manjing maring erong.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

23. Wit dening margi wau,
kiwa tengen sumawana luhur,
karambatan lung pethetan mardapa sri,
samya sekar gandanipun,
sumrik weh astaning batos,
(adamel bingahing manah utawi nyukani bingahing manah)

24. Pantyasa pawon wau,
kontenira juga ajengipun,
ngetan anjog empernya ing pawon panti,
tembung bali swara iku,
ringkesnya empering pawon.

25. Warta wartaning wuruk,
kapujanggan kidhunging manawung,
denira met laguning dhong-dhinging gendhing,
wenang bali swareng wuwus,
supadi ywa nganti medhot.

26. Gatraning tembung lagu,
ewa dene rumaos kang nawung,
dera dereng kacipratan nugrahaning,
samendhang satesing ebun,
kapujanggan dereng jegos.

27. Anggagas padhangipun,
ngangkah nawung lukita kinidung,
(ngangkah ngracik tembung katembangaken)
surasanya karasa sang prameng kawi,
(suraosipun karaosaken dening kang putusing tembung)
sajatinya dereng jumbuh,
(satemenipun dereng cocok)
marma kang myarsa myang maos.

28. Marang ing critanipun,
babadira ing Madusita nung,
panuwunnya kang ngripta datan sah ngeksi,
mugi mugyarsa mangangsung,
ngaksa malir jaladri rob.
(ngapunten kados banjiring saganten)

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

29. Marang kang nawung kidung,
kang datan sah gelar walehipun,
kamudhaning jroning dhadha nawung gendhing,
kondhanging lit mila amung,
piyagahan sagung kawroh.

30. Marma ge tuning kalbu,
duk tepasing loka sang dibya nung,
(nalika swargi sang linangkung)
tyas umangsah nimpuna kawruh kekawin,
(panggalihipun majeng anglempakaken kawruh kekawin)
sasranduning jasadipun,
tan kewran marang paclathon.

31. Ya dyan kang nawung kidung,
(manawi ingkang nganggit tembang)
sudarpang tyas kedah muji anung,
(kapiderenging manah kedah ngalem langkung)
tarlyan muhung kang bebisik Dyan Ngabehi,
Ranggawarsita kang wadu, (abdi dalem)
Kliwon Kadipaten anom.

32. Dene datan maguru,
ewadene pari basanipun,
sabda resi pangandikanireng aji,
kang ngripta panganggepipun,
dhawuh Dalem Sang Akatong.

33. Sumadya lintunipun,
puruhitan kawruh maring tembung,
(paguron kawruh dhumateng tembung)
kang tinembang ananging samanten ugi,
saking jugul mung winuwung,
sabangkit-bangkiting batos.

34. Marma raosing kalbu,
kekes atis mar maras kalamun,
kaineng rat tur kang mudha nawung gendhing,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

(kacacat ing jagad tur kang bodho nganggit gendhing)
tarliyan inggih kang nawiing,
saking mung mastuti kinon.
(saking namung angestokaken dhinawuhan).

35. Angripta crìtanipun,
babadira ing Madisita nung,
linampalian ngrenggep pen lan tising ati,
(kalampahan nyepeng pen kaliyan kekesing manali)
nihan inangkya mangsul muwus,
wau korine kang pawon.

36. Wondene kori wau,
kapit-kapit candhela dwi kukuh,
lering griya pawon sinungan piranti,
pancuran we de loripun,
yeku wau wonten tembok.

37. Temboking blumbang wangun,
banon manguntara (allibata mangaler) ujuripun,
ukur alang sangang meter nenem dhesi,
kalili dhekali ujuripun,
ing blumbang ngriku kaingon.

38. Mina grameh ranipun,
sakilenya balumbangan wau,
sinung kandhang kambangan wanguning panti,
loji pindha candlii bagus,
puniku sinung pirantos.

39. Tataran marginipun,
yen kambangan arsa mandhap nyemplung,
ing balumbang yen rinasa-raseng ati,
pandulu tansah anemu,
rasa manising pandulon.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

XIV. DHANDHANGGULA

1. Milanila tansah ngulur warti,
sawetanya ing balumbang kathah,
kulah alit jejer-jejer,
tinaneman ranipun,
sara sidya tunjung utawi,
trate Wlandi lirira,
sara sidya wau,
sami ambabar puspita,
jroning sekar pinantyan sadpada sami,
sadpada tawon lirnya.

2. Kang tinembung pinantyan jinarmwi,
kagriyanan wau dadosira,
sajroning sekar kaangge,
griyaning tawon sagung,
sami nguswa tuwin nesepi,
artatining kang sekar,
artati liripun,
legi dados suraosnya,
anesepi maduning kang sari-sari,
brangengeng yen cinandra.

3. Kadi ngucap sukuring HyangWidhi,
awit dening sih murahing suksma,
nyatmakani satmakane,
(anggesangi gesangipun)
sadpada wau sagung,
(sadaya tawon wau)
nihan crita danna sakedhik,
(crita sae sakedhik kendel)
ing mangkya kang winarna,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ing sawetanipun,
blumbang kapering lerira,
sinung blumbang malih wangunira ugi,
ambanon mujur ngetan.

4. Alangira (1) sadhekah meter ing,
tegesira (10) sadasa meternya,
(5) gangsal dhesi langkungane,
(4) pat dhekah ujuripun,
(2) kalih meter langkung (4) pat dhesi,
balumbang wau uga,
grameh isinipun,
saha giyota kinarya,
alelangyan kathahing baita kalih,
bagus-bagus wamanya.

5. Marginira ya dyan yeku apti,
tegesira yen badhe umandhap,
dhumateng balumbanging we,
(dhumateng toyaning balumbang)
saking kang iring timur,
timur wetan jarwaning kawi,
dados mangandhapira,
sinangkan puniku,
saking marga iring wetan,
wetan blumbang engkak-engkok wong akardi,
bebasan durung cekap.

6. Kang binasan kaonanging anggit,
tanpa saged nyekat traping basa,
sakedhik keh surasane,
prasaja kang manawung,
saking mudha mastuteng Gusti,
kinon ambabad crita,
lire swarganipun,
ing Madusita kacrita,
mung kinarya pengetan ing tembe wuri,
ay wa nis critanira.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

7. Sawetaning balumbang winarti,
wonten panti lit cekli dhapumya,
kampung ujure mangaler,
kaukur alangipun,
(2) kalih meter lan gangsal (5) dhesi,
(7) pitung senti ujurnya,
(6) sad meter puniku,
balungannya jati wreksa,
payon gendheng pager gedhek kori kalih,
ajengira mracima.

8. Griya wau sasana (panggenan) piran ti,
ya dyan lirnya puniku manawa,
sesampunira rampunge,
kang suka-sukeng kalbu,
alelumban siram ing warih,
balumbang denya macak,
busana neng ngriku,
tamat denira minama,
sawarnaning balumbang puniku mangkin,
mangata antaranya.

9. Ing balumbang wetan lan kang margil,
tegesira kang manggen praciina,
wonten wisma lit dhapure,
kampung inggil amujur,
ngaler alang ukur winilis,
(2) kalih meter ujurnya,
(6) sad meter puniku,
binalungan jati wreksa,
payon gendheng kinarya kandhanging pitik,
kapranten angsang-angsang.

10. Sungsun-sungsun kathah apituwi, (utawi)
kabrukutan saking ing ram kawat,
keh dahat sata isine,
(isinipun ayam kathah sanget)
tamat mangata kampung,
(tamat cariyos griya)

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kandhang ayam yata ing mangkin,
gantya kang winursita,
ing sakidulipun,
griya kampung kandhang sata,
wonten panti alit yeku den wastani,
pagupon paksi dara.

11. Wangun kampung empernya satunggil,
majeng ngetan yeku cagakira,
amanti antya tegese,
nglangkungi dera luhur,
sarta inggih dipun ingoni,
peksi kang aran dara,
keh samya kadulu,
mlebet medal wonten ingkang,
cucuk-cucuk wonten kang dhidhis salisik,
wonten ingkang kalangan.

12. Wonten ingkang angrem ngloloh piyik,
tamat ingkang nyriteng panti dara,
mangkya nyatur sakidule,
balumbang ingkang timur,
wonten malih pantyasing peksi,
inggih kang aran dara,
loji dhapuripun,
sungsun-sungsun lotengira,
kehing loji jejer-jejer gandheng katri
mangidul ajengira.

13. Pinayonan seng balungan jati,
pager gebyog tritrisnya rinengga,
ing papaliyun wastane, (plisir cukit)
rintik-ritik dunulu,
ngriku ugi dipun ingoni,
kang aran paksi dara,
Persi sartanipun, '
winastan gondhok bangsanya,
tamat nyrita paguponing dara Persi,
lan kang geng lungayanya. (gondhok)

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

14. Nihan magkya genti kang winarni,
sawetaning pagupon punika,
wonten kandhang sata rane,
brahmaputra puniku,
dhapur kampung alit tur peni,
mangilen ajengira,
ing wurinya sinung,
griyan alit dhapurira,
lir kukusan tritisira langkung inggil,
tinimbanglan wuwungnya.

15. Griya kampung kang dipun sambungi,
wau griya kang kadi kukusan,
pangrakitira kadhempet,
ngetan ujuring kampung,
kapayu seng dipun tawingi,
kawat mawa rinengga,
wewangunan bagus,
tamat nyrita griya ayam,
brahmaputra mangkya genti kang winarni,
salering blumbang wetan.

16. Wonten wisma dhapumya winarti,
kampung mujur mange tan empernya,
namung kidul kaliyan 1er,
jati balunganipun,
payon sirap sarta tinawing,
tegesnya kapageran,
ing gedek puniku,
kaukur mangctanira,
(1) juga dhekah (2) dwi meter lan (5) gangsla dhesi,
mangier gnidulira.

17. (6) Sad meternya langkung (3) tiga dhesi,
parlunira pantyeka pirantya,
(parlunipun griya punika pirantos)
mung pawon para kanggene,
lire para puniku,
aiming kangge yen ngraratengi,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

abdining para wirya,
(abdining para luhur)
putrì kang tut pungkur,
wiyos Dalem Sri Narendra,
tamat nyrita pawon kaangge abdining,
para endyah Wibawa,
(para putrì luhur)

18. Salajengnya mangkya kang winarni,
sawetaning griya pawon para,
wonten griya kekandhange,
ing saio wasta lembu,
wangun kampung ujuring panti,
mangetan ajengira,
mangidul den ukur,
ngetan ngilennya (1) sadhekah,
(8) astha meter ngaler ngidulnya winilis,
(5) gangsal meter langkungnya.

19. (8) Wolung dhesi binalungan saking,
kajeng jati kapayonan sirap,
mangkya nyatur sawetane,
ing kandhang lembu wau,
wonten panti kadhogan wajik,
wangun kampung ujurnya,
ngetan majeng ngidul,
de ngetan ngilen ukurnya,
(5) gangsal meter langkungira (2) kalih dhesi,
ngaler ngidul ukurnya.

20. (5) Gangsal meter balunganing panti,
kajeng jati kapayu ing sirap,
tamat kadhogang critane,
nanging lir mangsul muwus,
kandhang lembu kadhogang wajik,
puniku wau samya,
celak manggenipun,
lan pojoking capuri kang,
imbang wetan ler dene kadhogang wajik,
meh mepet jaro wetan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

21. Lire jaro capureng wedari,
sawetannya kandhang lembu sarta,
kadhogang puniku maneh,
wonten kandhanging lembu,
wangun kampung ujuring panti,
mangetan yeku mawa,
emper dwi 1er kidul,
kapalih iku ujurnya,
pangrekane sisih-sisihan dumadi,
pengkeran ajengira,

22. Ngaler ngidul de ukurnya maring,
ngetan ngilenira (1) juga dhekah,
(9) sangang meter (2) dwi dhesine,
mangaler ngidulipun,
juga dhekah myang (1) juga dhesi,
jati balunganira,
sirap payonipun,
sakiduling wau kandhang,
wonten griya wangunipun kampung alit,
pranti kalamun dandan.

23. Ingkang samya dumuneng wetaning,
kang kasidi (kang kaleres) sakiduling kandhang,
ing lembu wau ingkang 1er,
myang kidul kilenipun,
ingkang kidul kandhanging sapi,
(kandhanging sapi ingkang kidul)
wonten griya dhapurnya,
kampung mujur ngidul,
mawi emper kilen weta,
dadya kalih empere puniku panti,
sarta griya punika.

24. Kapalih byak mujur de kang sisih,
majeng ngilen kangge gedhongira,
parabdi dene sisihe,
mangetan ajengipun,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kangge kestal rakitan wajik,
ingukur ngetanira,
(1) juga dhekah langkung,
(1) juga meter de ngidulnya,
katri dhekah (1) juga meter (4) kawan dhesi,
jati balunganira.

25. Pay on sirap tanapi katawing,
kapageran yeku tegesira,
ing tembok dene pojoke,
ing pantyasa puniku,
kang 1er kilen ingadu manis,
lan pojok blumbang wetan,
ingkang kidul timur, (kidul wetan)
dumadya wau pantyasa,
manggenira wonten sakidul wetaning,
balumbang ingkang wetan.

26. Myang neng wetaning pandhapi wingking,
antaraning griya wau lawan,
pandhapi wonten kandhange,
ing sata wastanipun,
brahmaputra wanguning pan ti,
loji kampung dhapurnya,
yeku mujur ngidul,
• sisih kidul sung menara.
tegesira panggungan tanapi mawi,
sungsun-sungsun lotengnya.

27. Gajaliira pantyeka kinardi,
(gajahipun griya punika kadamel)
wangun piramidhe sisih astha,
winangun lincip pucuke,
nganceran munggeng luhur,
rekanira wesi barani,
kinarya ananggulang,
(kadamel tameng = tangkis = aling-aling)
pesatireng guntur,
(lampah sumbuting baledheg)

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

akathah candhelanira,
pinayu seng bebalungan samya wesi,
sarta rinuji tosan.

28. Rinengga cet warnanira peni,
nihan rehning wandaning artatya,
(sigeg rehning satraning sekar dhandhanggendhis).
jroning sapada-padane,
pine tang wonten gunggung,
(84) catur naga jarwaning wilis,
(84) wolungdasa sekawan,
mangka sampun antuk,
(27) turanggaka dwi pada,
(pitulikur pada)
prayoganya sinalin pupuh kawuri,
sekar pangkur tegesnya.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

XV. PANGKUR

1. Sakiduling madeyasa,
kampung mujur ngaler winarteng ngarsi,
wonten griya kampung mujur,
ngaler malih sinungan,
emper kalih dumunung ing sisih timur, (wetan)
lan pracima (kaliyan kilen) ukurira,
timur pracima winilis (kaetang).

2. Juga dhekah langkungira,
(1) juga meter langkung (1) sajuga dhesi,
dene ngaler ngidulipun,
(1) juga dhekah langkungnya,
juga meter myang (5) gangsal dhesi puniku,
payon sirap balungannya,
sadaya kinajeng jati.

3. Tembok kang mangka rangkahnya,
lire rangkah yeku pagering panti,
jrambah plester gajahipun,
pinarsada tri kamar,
(kasingget dados tigang kamar)
jejerira mangaler de emperipun,
dwi samya kinarya medal,
kamar tengah sinung kori.

4. (4) Catur jeblos maring kamar,
ing ler kidul nguniweh njeblos maring,
emper wetan sartanipun,
maring emper pracima,
dene kamar ler wonten candhelanipun,
juga neng tembok untara, (ler)
kamar kidul wonten ugi,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

5. Candhelanira satunggal,
ing kamar 1er kidul wau kekalih,
sangkep pandayeng jinemrum,
(pepak pirantosing pasareyan)
myang prantos padandosan,
tuwin pasren sangkep saniskaranipun,
(saha rerenggan jangkep sadayanipun)
kamar len sinung pandaya,
(kamar tengali kadekekan pirantos)
panitranan langkung peni.

6. Lampu miwah gambar-gambar,
emper kilen rinengga gam bar kalih,
kang satunggal gambar wau,
Arahat Dhawit rannya,
ayun yuda tandhing lawan jenengipun,
Gongliyat gununganira,
dosa kang nglampahi mukir.

7. Mring angger dhawuhing Pangran,
yeku ingkang kasebut ing kinteki,
Ambiya Jeng Nabi Dawut,
prang tandhing mengsah lawan,
Raja Jalut manawi ingkang kasebut,
srat crita satus sekawan,
kang nyritakken para Nabi.

8. Pakemira Kristen janma,
myang winastan Nasara sarta Srani,
Arahat Dhawit puniku,
Nabi Dawut tegesnya,
duk puniku dumadi sarayanipun,
(tulung = pitulungan)
Aleksander tegesnya,
Iskandar ingkang kawarti.

9. Neng Ambiya bebisiknya,
raja Talut gununganing sujanmi,
sungkem ngabekti Hyang Agung,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nihan mangsul Gongliyat,
inggih wau ingkang nama raja Talut,
ageng inggil angganira,
santosa anggegirisi.

10. Bokmanawi kang kawarta,
wonten tembung Sangsekrit den wastani,
raksasa nguniweh (utawi) diyu,
ya dyan latin tembungnya,
tegesira yen tembung latin puniku,
winastanan Atlantika,
buta geng yeku kang wardi.

11. Sarta.tembung latin uga,
raja Jalut puniku den wastani,
rus buta gung tegesipun,
raja Jalut kang parap,
yeku wau Gongliyat caritanipun,
darbe tameng lawan pedhang,
gung santosa gaman jurit,

12. Myang wau Jalut Gongliyat,
sudireng (kendeling) prang keringan kanan kering,
saking sudira prang pupuh,
tansah jayeng ayuda,
sumarmanya Gongliyat sang raja Jalut,
duk arsa prang tandhing lawan,
surayane Aleksandri.

13. Utawi wau Iskandar,
kang jejuluk yeku Arahat Dhawit,
inggih wau Nabi Dawut,
cilik menthik angganya,
kadi rare limprah ageng inggilipun,
Gongliyat tansah angumbar,
swaranya kang dahat kibir.

14. Kacarita campuh ing prang,
gamanira Arahat Dhawit naming,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

anamaken bandhil watu,
lit-alit sawontenya,
ngarsanira pinendhet kinarya punglu, (mimis)
mila sang doseng Pangeran,
Gongliyat lot nywara kibir,
(raja Jalut tansah nyuwara kibir)

15. Guguk-guguk gujengira,
kiprah-kiprah solahnya kadi ngibing,
swara gumleger lir gludhug,
heh Dhawit becik sira,
lan Leksander sabala kawulanipun,
nungkula mring jenengingwang,
manuta agama marni.

16. Agamamu iku salah,
lan Leksander uga puniku silip,
padha ngemana nyawamu,
yen tan nungkul kalakyan,
katrajang ing pedhang ngong sayekti rampung,
nadyan sayuta rong yuta,
bala kulanta nuta lalis.

17. Heh takeman temen sira,
lan Laksander nungkula jeneng marni,
ling mangkana sary wanipun,
bandhil katadhah dhadha,
mung gumadhuk tan krasa gumuyu guguk,
wadyanira Jalut dosa,
surak ger nengker wiyati.

18. Katon kekes tis balanya,
Aleksander nanging Arahat Dhawit,
saya mangsah (saya maju) ngesuk purun,
riwut pambandhilira,
lociteng tyas gambar Dhawit kadi muwus,
(gambaripun Dhawit = Dhawut = kacandra pangunandikaning manah kados ngandika)
tan mawa eram samendhang,
denira ngandel sajati.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

19. Maring adii kuwasanya,
Gusti Allah Kang Agung Maha Suci,
sumarmanya Dhawit wau,
ingangsah mring Gongliyat,
antarane sablan daran dipun pupuh.
dening pedhangnya sang dosa,
baiane surak dahat tri.
(surak langkung rame)

20. Sinengguh Dhawit palastra,
nanging gambar baiane Aleksandri,
katon astam sotanipun,
(katingal bingah manahipun)
denya meksi Arahat,
Dhawit katon pinuwuh ing pedhang luput,
marma temah marudasta,
lire surak swara atri, (rame)

21. Duk Dhawit miyarsa swara,
dipun eman lan Gongliyat utawi,
wineden prakara lampus,
sarta kinen nungkula,
candranira ing gambar batine muwus,
tinimbang ngong ajrih pejah,
lan nungkul marang sujanmi.

22. Gung dosa mring Pangraningwang,
becik ingong ngrungkebi ngandel Widhi,
anetel kumandelingsun,
maring kuwaseng Allah,
kang jati hu tegese temen yen idhup,
langgeng ajeg tegesira,
Pangeran tan kena pati.

23. Tan kena roga raganya,
kang mangkono Pangeran ngong upami,
katon nanging Pangraningsun,
tan kena sinatmata,
(boten kenging katingalan)

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

myating asya tuhu sa Pangeraningsun,
(paningaling makluk temen sami elok Pangeranku)
sarta caketan gepokan,
tan padon pinetang tebih.
(manawi kapetang tebih tanpa wekasan)

24. Mangka ingkang winastanan,
tanpa gepok nir wekasan Hyang Widhi,
pralambange lir kasebut,
(gambaripun kados ingkang kasebut)
lagya cahya urupnya,
Hyang Purnama nanging wujuding sitengsu,
datan katon amung cahya,
nglimput sarta manglimputi,
(kumandhang sarta ngandhangi)

25. Mengko yen Pangeraningwang,
denira wus nglimput myang nglimputi,
munggeng watu punglunipun,
(wonten ing sela mimisipun)
puniki bandilingwang,
gaibira Pangraningsun watu punglu,
dilalah puniku bisa,
pindha malekat Ijrail.

26. Cep uni de kang mangkana,
punglu bandhil tumrajang angeneni,
nginggil caket pasunipun,
Gongliyat janma dosa,
pecah manjing ing jro telengireng bathuk,
angrem polo ambaludag,
wor ludirá dadya abrit.

27. Ambruk andhepani kisma,
yen cinandra baya batine angling,
tobat badhe anut tuhu,
mangeran Maha Mulya,
kang sajati tanpa rupa sartanipun,
tanpa warna sumawana,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

datanpa arah tanapi.
(arah wau ancer-ancer)

28. Tanpa nggon Hyang Maha Mulya,
dhuh wus tobat-tobat manira Dhawit,
undangna dhukun wakingsun,
sapira rekeningnya,
aku bayar sapira reganing jamu,
bayare teka sapira,
mesthi aku ambayari.

29. Arep temen yen wus tiwas,
sadurunge yeku adating urip,
binasan kaonanganipun,
mug oneng mring kadosan,
temah nganti kaya iku rupanipun,
Gongliyat wus karteng jagat,
dadya satruning Hyang Widhi.

30. Dahat denira memela,
nanging Dhawit candrane kadi olih,
asmita saking Hyang Agung,
kinon ambabar pisan,
muksanira Gongliyat dosa Hyang Agung,
binabar pisan wus lena,
bala Leksander surak tri.

31. Nalikanira Gongliyat,
kang dosa sru teng tetela wus ngemasi,
sagung wadya balanipun,
kang samya baris kepang,
ngupeng tepung tepangan lan balanipun,
Aleksander Talut raja,
yeku nulya mungkul sami.

32. Sarta nut agama mulya,
kang pinundhi-pundhi Dhawit tanapi,
Aleksander raja Talut,
ri ratri sanityasa,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

(rinten dalu tansah)
mahum Allah (mindeng Allah) sru sungkem ngabektinipun,
wusing baia nungkul weca,
(sesampuning wadya telukan wicanten)
temen-temen nut amami.

33. Aleksander sawadyanya,
marudasta (surak) ngumbulken tangan atri, (rame)
ambal-ambalan guumruh,
minangka pahargyanya,
(nelakaken bingah hurmat saha pangalemipun)
jayaning prang surayeng jagad jejuluk,
(menangipun perang saking tulung-mitulungi ing jagad,
suraosipun jagad wau tiyang kathah ing Mesir, jejuluk nama)
sang Dhawit Dhawut Arakt,
tegesnya Arakat Nabi.

34. Kadirgya-dirgya carita,
(kapanjang-panjang carios)
dening driya katarik myat gambaring,
Aleksander tongpalipun,
tegesnya swaranira,
kang ran bangsa Eropah yen swaranipun,
bangsa awi Surakarta,
Iskandar Talut Sri Mesir.

35. Kang minta suraya marang,
(kang nyuwun pitulungan marang)
kang jejuluk wau Arahat Dhawit,
Dhawit wau tongpalipun,
tegese swaranira,
bangsa tanah Eropah yen swaranipun,
Jawi Sala Dawut lirnya,
Arahat puniku Nabi.

36. Mangsuli lukita tongpal,
(mangsuli tembung tongpal)
kang winarden swara kasbut ngarsi,
(ingkang kategesan swara kasebut ngajeng)

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tong ilat wardining tembung,
de pal wau tegesnya,
dhawah dados tembung tongpal yeku wau,
tegesnya kedaling ilat,
nyumanggakken kang pra mursid.
(ingkang ngripta nyumanggakaken dhumateng para ingkang mursid/saged)

37. Kagiyar dirganing crita,
(kagelar kawedalaken panjanging canos)
telelanya para sujanma sami,
mirit tekadira wau,
Arahat Dhawit Dhawit ñama,
dera temen-temen ngandel mring Hyang Agung,
upamanya janma perang,
sanadyan kapethuk dening.

38. Tarajanging hru sayuta,
O'emparing sayuta)
punglu ewon ati kudu netepi,
ngandel mring kuwasanipun,
Pangeran myang sihira,
Maha Mulya ambeganakken tyas aiju,
(Gusti Allah ngengetaken manah rahayu)
tan seja mejahi janma,
wit dening sapa sujanmi.

39. Kang seja mejahi janma,
wus janjine puniku pejah dhisik,
Srat Sruti sampun kasebut,
janjine ing kasejan,
wus tinraju sing kang jejuluk Allahu,
kang tan kewran silir-sernya,
(ingkang boten kewran jomplang leres jejegipun)
mandar kang kakat darbeni.
(malah ingkang anggadhahi hajat)

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

40. Jomplang jejeg neting driya,
kang katuju dening kang Maha Suci,
tan saged mesthi sumurup,
rumangseng tyas wus sidhya,
(rumaosing manah sampun leres jejeg)
wus sanadyan saman ten mandirgyeng wuwus,
(sampun cekap pan samanten manjangaken cariyos) *
kang súmela neng carita,
babading Madusita di.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

XVI. MIJIL

1. Milanipun mangkya kang kawijil,
pan ti kang kacriyos,
kapasangan wau gegambare,
Aleksander myang Arahat Dhawit,
lan kang sinambat sih,
Gongliyat myang Jalut.

2. Yeku made manawi marengi,
Gusti Maha Katong,
miyos tedhak Madusita kangge,
gedhong sekretaris wadya aji,
(gedhonging abdi dalem sekretaris)
ordenas utawi,
lurah jajaripun.

3. Punakawan Marduyatnya nagri,
mrih tranging cariyos,
panti wau nenggih pamanggene,
wonten kidul wetanireng panti,
puraningWedari,
(kadhatoning pasanggrahan)
ing Madusita nung.

4. Dumadyanya kang mangripta gendhing,
sinawung pamiyos,
(dadosipun ingkang nganggit tembang rinengga pamijil)
mrih sakeca dhumateng pamete,
dhong-dhingira lagunireng gendhing,
gedhong den wastani,
Marduyatnya patut.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

5. Pan kaprenah sakidul wetaning,
Marduyatnya gedhong,
wonten wisma mepet pojokane,
jaga maya (pager) capuri wedari,
dhedhapuring pan ti,
kampung ujuripun.

6. Manguntara den emperi kalih,
(mangaler dipun emperi kalih)
ing wetan myang kulon,
ngilenira winilis ukure,
(9) sangang meter ukure winilis,
(2) kalih dhekah luwih,
(3) tiga meteripun.

7. Pay on gendheng balungannya jati,
pinageran gebyog,
kori-kori kadya nyar warnane,
jejer-jejer mracima mangarsi,
(majeng mangilen)
dene wau panti,
kangge gedhongipun.

8. Motor sarta kreta dhokar bendi,
tanapi pirantos,
pirantosnya motor sesamane,
sakilening wau motor panti,
yeku radi tebih,
wonten griya kampung.

9. Mujur ngaler mawi emper kalih,
wetan miwah kulon,
ukurannya mange tan ngilene,
(6) nenem meter langkung (2) kalih dhesi,
mangidul ngalering,
ukure pinetung,

10. (1) Juga dhekah (2) dwi meter (6) sad dhesi,
ginendheng kang payon,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

samya kajeng jati balungane,
made wau karti sana pranti,
(griya wau pirantos panggenanipun nyambut darnel para undhagi)
ingkang karya panti,
tumrap pabrikipun.

11. Ondherneming ing Madusita di,
myang panti pirantos,
kongsi sinder kang anambut gawe,
Madusita wau ondherneming,
sawetaning panti,
karti sana wau.

12. Wonten wisma denira amargil,
lire denya manggon,
munggeng saler wetan sacakete,
regolira wau ing wedari,
kinarya bangsal lit,
limasan kang wangun.

13. Mujur ngetan emper datan mawi,
ukure mangulon,
(6) nenem meter (2) dwi dhesi ukure,
ngilenira (4) catur (1) juga dhesi,
sirap den balungi,
kajeng jati luhung.

14. Gantya ingkang kawursita mangkin,
(gentos ingkang kacariyosaken sapunika)
sacaketing pojok,
ing capuri ingkang kidul kilen,
wonten panti ujurnya kawarti,
ngaler datan mawi,
kaemperan iku.

15. Kacarita ukure winilis,
ngetan lan mangulon,
(5) gangsal meter (2) dwi dhesi ukure,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ngaler (5) gangsal meter (2) kalih dhesi,
pinayonan dening,
sirap sartanipun.

16. Binalungan sami kajeng jati,
lan mangkya kacriyos,
griya wau limasan wangune,
pager tembok kinori sawiji,
ing nguni kinardi,
gedhong obat iku.

17. Gunggungira sagung panti-panti,
Wau kang kacriyos,
salebeting wedari cacahe,
wonten (2) slikur kalbet panti-panti,
kandhang sapi wajik,
yeku kang pinatung.

18. Dene nadyan wus sawarni panti,
ananging pagupon,
miwah kandhang ayam sasamine,
tan pinetung nut gunggunging panti,
kasebut ing nginggil,
gunggung (21) slikur wau.

19. Ing kagungan dalem udyana di,
mangke kang kacriyos,
ing salen-lenira an tawise,
(ing satengah-tengah antawisipun)
regol wau lan topengan ngarsi,
sinung langen pontin,
tegesipun umbul.

20. Myang pancuran yeku jarweng ping dwi,
pontin wau manggon,
wonten tengah blumbang de tawinge,
banon tembok plester pot lan semin,
myang winastan keni,
windu tawing wau.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

21. Samadyanya balumbanging warih,
sinungan sawiyos,
reca nyonyah sarwi ngadhepake,
reca banyak kang dumunung umnggwing,
sangandhaping pontin,
dene angsalipun.

22. Toyanira pontin wau saking,
pinalempeng anjog,
angileni maring kekulahe,
pasiraman Dalem Sri Bupati,
kang cawang mring pontin,
marma pontin wau.

23. Angsal teya lajeng mancur maring,
manginggil umekrok,
kadi cakra warsaya (kados songsong jawah) sawange,
lot mangkana ing siyang myang ratri,
(tansah makaten siyang saha dalu)
tumibeng blumbanging,
(dhumawah wanganing)
curing wé sing umbul.
(mancuring taya saking pontin)

24. Blumbang ngriku mawi den ingoni,
wader bang wader kok,
sumawana balumbanganing we,
mawa sinung taneman kang urip,
neng we den wastani,
trate miwah tunjung.

25. Lan balumbang rinengga pot peni,
wondene wau pot,,
denya nata sakubeng lambene,
balumbangan sarta den iseni,
witing puspita-di,
ambabar sekar rum.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

26. Gandanira nanduk warsana mrik,
(gandanipun manjing grana wangi)
sung suka kang anon,
dening sawang tuhu ngendahake,
(saking katingalan temen angeramaken)
lan punika kang kaprenah sisih)
wetan windu warih,
sinung reca watu.

27. Warni janma warsana pindhesthi,
(warni tiang tlale irung kados gajah)
bok ywan kang kawartos,
kang kaestha bathara arane,
Sang Hyang Gana myang Ganesa wangi,
de reca kawarti,
(dene reca kacariyosaken)
kang mangkana wau.
(ingkang mangkaten wau)

28. Pancen boten lamun muhung dadi,
rerenggan kemawon,
nanging pancen kalbet golongane,
prabotira tumraping agami,
duking nguni-uni,
nenggih yeku wau.

29. Prabotira Hyang Brahma agami,
(praboting agamanipun Sang Hyang Brahma)
de sline kacriyos,
(dene angsalipun kacriyosaken)
reca wau nenggih pamendhete,
(reca wau pamendhetipun)
saking telengipun dhusun Candhi,
(saking tengahipun dhusun Candhi)
de madyaning Candhi,
puniku dumunung.

30. Neng salornya ing Madusita di,
yeku kang kacriyos,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nguni-uni wonten cecandhine,
mandar ngantos mangkya salong teksih,
telasannya nanging,
kapendhem puniku.

31. Marma ngriku kadunungan candhi,
kang minangka prabot,
ing Bathara Brahma agamane,
critanira winijil sakedhik,
nanging ingkang wajib,
kinanthi kang muwus.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

XVII. KINANTHI

1. Awit kina-kinanipun,
ing Tan ah Jawi puniki,
kawarta manungsanira,
angangge Brahma agami,
gya ngangge agami Buda,
nanging kawarta y wan teksih.

2. Ngangge ing agaminipun,
Brahma wau dadya marmi,
agamanya kalih warna,
kacampur juga dumadi,
Brahma Buda milanira,
duk jamaning Tanah Jawi.

3. Nganggo agama sinebut,
Buda reca candhi-candhi,
praboting agami Brahma,
tan rinusak nanging maksih,
katulusaken kewala,
mandar puniku kinardi.

4. Lawan Buda jamanipun,
reca sumawana candhi,
campur dadya kalih warna,
kadosta Prambanan desi,
kang geng reca-recanira,
praboting Brahma agami.

5. Nanging reca kang kasebut,
lampahanya kang bebisik,
Sang Prabu Ramawijaya,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

puniku reca praboting,
agami Budha kang kanggya,
de juga-jugeng agami.

6. Kang winastan agama gung,
dwi wau kaperang dadi,
agama lit warna-warna,
nanging tan kawartyeng riki,
de candhi wau kawarta,
mila kapendhem wit saking.

7. Sareng tanah Jawi wau,
wiwit keh Agameslami,
cadhi reca sedyanira,
sujanmeslam ngrisak sami,
sarehning kala saxnana,
janma Budha soring jurit,

8. Dumados puwaranipun,
tan saged nanggulang maring,
pangriak ing Jawi Islam,
dhumateng reca myang candhi,
temah rekaning wong Buda,
reca gya dipun urigi.

9. Supados boten kadulu,
dening wong Jawa Islami,
nadyan wruh supdya wegah,
andhudhuk mangkaten maning,
Jawi Islam supados nrimah,
de wus tan pinundi-pundhi.

10. Nihan kang kasebut ngayun,
ing mangkya mangsuli malih,
reca kang sing Candhi desa,
kajawi ingkang winarti,
muggeng winduning balumbang,
sisih wetan kasbut ngarsi,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

11. Wonten malih recanipun,
tinaia munggeng ngayuning,
topengan cacah sekawan,
wonten kang tinaia munggwing,
sanjawining pasanggrahan,
ing sendhang kidul wadari.

12. Wonten gangsal cacahipun,
lenya wau wonten malih,
nanging boten kawursita,
lir parlu nyrita puniki,
reca wau ricikannya,
bekakasipun ing candhi.

13. Anapon candhi puniku,
(wondene candhi punika)
wonten kang mingka panti,
cecungkuping kang astana,
janma Buda kang wus lalis,
wonten kang namung kinarya,
pepundhen sarta kinardi.

14. Sanggar palanggatanipun,
janma Buda den tegesi,
pamujan lire pamujan,
kinarya gon aminta sih,
kang den anggep Pangerannya,
Bathara Brahma ing nguni.

15. Sesaminya kang kapahum,
(sesaminipun ingkang kapindeng)
manggung gyaning wau candhi,
salia miturut wangunnya,
ing candhi ambok yen kadi,
wonten winados kajengnya,
dene reca kang winardi.

16. Hyang Ganesa pethanipun,
janma warsana pindhesthi,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

(warni tiyang nanging irung, tlale = kados gajah)
lungayanya kinalungan,
(gukinipun kinalungan)
tasbeh sing warteng kang ngerti,
dhateng alurananing W edha,
Wedha pakem ingkang wardi.

17. Pakem isi warah-wuruk,
tumraping Brahma agami,
dene pikajenganira,
pan kinarya ngupameni,
kang gesangnya maksih tansah,
kalindhfh runtiking budi.

18. Anjuringi ardanipun,
pancadriya anglampahi,
ambek kang angka-murka,
ingkang mangkana puniki,
dipun mapindha mahaija,
(kaupamekaken angangge)
kelakuwan pakartining.
(wataking kalakuhanipun)

19. Bangsa kang datan sinebut,
jumeneng denira urip,
(tegesipun dados brangkang)
awit gyanya nirantara,
(amargi anggenipun tansah)
kareh ring runtiking ati,
(kaereh nepsuning manah)
winastan sawerni watak,
lan uripnya tan mandhiri.
(sarupi satunggal watak kaliyan ingkang brangkang)

20. Dene kang mangkaten wau,
sanityasa tuhu teksih,
(tansah temen teksih)
gesangnya nandhang kadita,
nem sepuh waras myang sakit,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

bingah susah sumawana,
gesang tanapi ngemasi.

21. Myang lair mring kang sinebut,
ing madya pada puniki,
ngalam dunya rambah-rambali,
pejah nulya lair maring,
puniki ing ngalam dunya,
tegesnya tinnitali nuli.

22. Risak lire pejah wau,
ywan dereng katrima nuli,
tinnitali tegesnya nulya,
lair maring dunya malih,
tansah mangkaten wong gesang,
pakemnya Brahma winarti,
(ingkang kacriyosaken wonten pakeming Bathara Brahma)

23. Kasebut wau ing ngayun,
ringkesing kojali den rani,
tansah nyakra panggilingan,
(tansah mubeng lampahipun)
lir pasmon mote ing tasbih,
kang lota gantya motenira,
(ingkang tansah salin motenipun)
nanging anggung wola-wali.
(nanging pijer wongsla-wangsul)

24. Neng lar-ular juga wau,
kang dadya talining tasbih,
tan ewah ajeg kewala,
dadosira wau tasbih,
kinarya pralampitannya,
(kadamel pralambangipun)
janma tansah salin dhiri.

25. Ananging lot nyawanipun,
lire langgeng denya urip,
tanana kang maweh gesang,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tuhu yen urip pribadi,
iku ingkang kawursita,
(puniku ingkang kacriyosaken)
jati sipatira suci.

26. Myang jajah kojahing kawruh,
tan keni dening prihatin,
de lami-lami punika,
ugi saged kandheg saking,
nyakra panggilinganira,
ingkang rambah-rambah lair.

27. Nging bangkiting nandheg wau,
yen satmakeng duk nujwani,
(manawi gesangipun nalika nuju)
wonten ngalam marcapada,
tobat denira nuruti,
runtike kang ahengkara,
(nepsunipun ingkang kasareng liwung murkanipun)
saking budinira bangkit.

28. Anelukken nepsunipun,
myang dada wignya netepi,
(tuwin tulus saget netepi)
sawarah-wuruking Wedha, (pakem)
Iah punika saweg bangkit,
kandheg ing nyakra gilingan,
kasbut wola-wali lair.

29. Kang mangkaten yen wus tuhu,
kandhegnya manggen swarga di,
myang ing aran Tepetloka,
arep temen den arani,
saijana ning durung bisa,
binuru kanang wuniki.

30. Tinanya paran liripun,
crita mangkana tinunggil,
neng babading Madusita,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tanduk ingkang nawung gendhing,
(aturipun ingkang nganggit tembang)
namung nyuwun pangaksama,
boten saged anjarwani.

31. Tepetloka swarga wau,
omong keh kadi wong suwi,
suwi mendem tegesira,
mila leres miwah sisip,
kang nawung amung sumangga,
para kang putusing elmi.

32. Nahen mangkya kang cinatur,
mangsuli warnaWedari,
kathah patamananira,
len kang manggen sakubenging,
(kajawi ingkang tumuwuh sakubengipun)
nginggil baluwarti sarta,
lur tepi jro baluwarti.
(turut pinggir salebet capuri pasanggrahan)

33. Kang geng piyambak cinatur,
patamanan ingkang mungging,
palataran ngarsa ingkang,
imbang pracima tanapi,
(sisih kilen tuwin)
ngubengi gedhong kang aran,
Marduyatnya kasbut ngarsi.

34. Miwah ing sawetanipun,
pantyasa pandhapi wingking,
ugi sinung patamanan,
sanesnya puniku ugi,
wonten malih patamanan,
ananging mung sawatawis.

35. Wondene pethetanipun,
sekar-sekaran tanapi,
taneman woh warna-warna,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

winilis namaning sari,
(1) juga Bakung kang winastan,
(2) Leili Jepang lan malih,

36. (3) Tri ingaran Gansahse-blum,
(4) catur Srengenge kang sari,
(5) gangsal aran Adhaliyah,
(6) nenem Tluki sapta Sruni,
(8) astha Dhesensekun ranya,
sumawana den wastani.

37. Sewu-ayu (9) kasanga Rus,
(10) kang sadasa den wastani.
Britsetranen myang winastan,
Luh-panganten ingkang nami,
(11) sawelas Ceplokpiring rannya,
(12) dwi welas Orkidhi utawi.

38. Anggrek iku aranipun,
(13) tiga welas Tunjungsari,
(14) catur wlas Trate ranira,
(15) panca wlas Samboja nami,
kang petangira (16) sad welas,
Nagasari raning uwit.

39. Kang (17) sapta wlas aranipun,
Eli Ontrap kang winilis,
(18) astha wlas Kamile rannya,
(19) sangalas Kartas kang nami,
(20) dwi dasa Bikoniyah,
sampat pangetanging sari.

40. Dene cacah namanipun,
wit woh-wohan ing Wedari,
(1) satunggal Aceh rambutan,
(2) kalih Jeram Keprok nami,
tuwin kang winastan jeram,
len keprok awarni-warni.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

41. (3) Katri Manggis (4) catur Dhuku,
(5) panca Klengkeng sanya nami,.
Rukem (7) sapta Blimbing rannya,
(8) astha wit Coklat kang nami,
(9) sanga Kadhondhong ranira,
(10) sadasa namaning uwit.

42. Pelem kathah wastanipun,
datan winijang kang nami,
(11) sawelas Jambu mawarna,
(12) kalih wlas Pala kang nami,
(13) tri welas Sawo Manila,
(14) catur wlasnya Sawo Jawi.

43. (15) Panca wlas Nam-nam ranipun,
(16) sad wlas Cengkeh raning uwit,
(17) sapta wlas Apel ranira,
(18) astha wlas Gowok kang nami,
(19) nawa wlas Dhuwet ranira,
nir kang ran wohwohan uwit.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

XVIII.MASKUMAMBANG

1. Ulun arep kumambang tampi geritosi,
   nging minta ngrurungkat,
   kang binasan nangseh ati, (majeng manah)
   sura karkat datan tama.

2. Karya kisruh marang ambebening ati,
   ngupaya lukita,
   (ngupados tembung)
   kinidung kumambang warih,
   gorata merak wardaya,
   (alus merakati)

3. Sanadyan aja tinetan wignya mamrih,
   luwesing lukita,
   nanging meksa Bismillahi,
   ing mangke kang kawursita.

4. Dhusun Sekar kagungan Dalem Narpati,
   saha dhusun Sekar,
   puniku wau kinardi,
   pasanggrahan Dalem Nata.

5. Dunungnya kaprenah kilen Wedari,
   wau Madusita,
   wonten sapos udakawis,
   tebahnya lan Madusita.

6. Marginira saking ing Madusita di,
   asinggya mracima,
   (ngilen leres)
   wangunya wau Wedari,
   ing Sekar loji pindhanya.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

7. Balungannya kajeng jati payon siti,
gendheng tegesira,
binata (pinager) tembok gumrining,
kampung inggil dedegira.

8. Anjeglag sri dinulu amerakati,
molo wuwungira,
mujur ngaler saha mawi,
lotengan dipun cet seta.

9. Sisih wetan kasambungan kampung alit,
jejer dwi ujurnya,
mangetan ingkang ler mawi,
siningget dumadya kamar.

10. Ingkang kidul puniku kagem pandhapi,
ing pandhapi mawa,
topengan ngetan mangarsi,
(topengan majeng mangetan)
dene dalem wau ingkang.

11. Iring wetan emperira inggil ugi,
hnoka mantalan,
(linangitan = linotengan)
samua puniku panti,
(sadaya puniku dalem)
mantiantya sri mangunnya.
(anglangkungi sae wangunipun)

12. Sumawana kamaracana hek mawi,
(punapa dene mawi karengga hek)
cinawi gorata,
(ingukir alus)
pakarti tatuning wali,
(pandamel tapaking wali = tatah)
nguniweh (tuwin) karengga-rengga.

13. Pepaliyun (cukitipun karengga-rengga tebeng) pinandara langkung asri, (kacet langkung sae)

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sajroning pantyasa,
(salebeting dalem)
sinangkep sinungan isi,
(pinepakan pinasangan isi)
meblemen miwah pot-potan.

14. Anglamlami wit dening sawang respati,
(awit saking katingalan anggenipun angremenaken ngantos cumantheling cipta)
tan tebih sing patya,
wedari pangastam ati,
(boten tebih saking dalem pasanggrahan pangenggar-enggaring galih wau)
wonten griya kanggyanira.

15. Pawon sarta gedhong kreta kulah tuwin,
kestal lan turangga,
wondene wau Wedari,
margilnya (manggenipun) neng saler marga.

16. Boten tebih saking puniku wadari,
sakiduling marga,
wonten pantyasa pabrik tih,
dene wanguning pantyasa.

17. Kampung jejer (5) gangsal ujuring pabrik,
marang manguntara,
(dhumateng mangaler)
balungan sinamya wesi,
sarta seng payu pagernya.

18. Pabrik wau isinya gilingan tuwin,
sagunging pandaya,
(sakathahing pirantos)
kang kangge pabrik mepeki,
kinarya pangolahira.

19. Eteh wau saben ri kathah sujanmi,
jaler estri samya,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tumandang anambut kardi,
ing pabrik wau punika.

20. Pangagengnya kang samya anambut kardi,
pangkat sinder Wlanda,
dene pangolahing etih,
mangkaten pratingkahira.

21. Ron teh wau kapethik saking ing uwit,
dyan ing ngisis ngunggyan,
tambir wiwit jam (Vi) madyaning,
(12) kalih wlas siyang praptanya.

22. Enjang pukul (6) sad puniku gya giniling,
(V2) samadya jam nulya,
karendhem ing rak watawis,
(45) pat dasa gangsal menitnya.

23. Lajeng kape *(V2)* samadya jam iku null,
kagiling ing sangan,
dangunya (10) sadasa menit,
gya kapilih pepangkatan.

24. Myang sineje-seje denira madhahi,
kawungkusan sarta,
aneng blek dera madhahi,
tamat teh caritanira,

25. Dene mangkya kang gantya winarneng gendhing,
petangnya tan tebah,
saking ing sekar wedari,
wonten malih pasanggrahan.

26. Kagungan Sang Sri Mahadipeng Bumi,
(10) loka mantalendra,
winastan Slagaretna di,
mangunggyardi ing pantaran.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

27. Reng-erengnya ing arga kang den arani,
Marbabu kaprenah,
iring wetan dadya ardi,
Marbabu nengser pracima.
(marbabu wonten kilen leres)

28. Saking wau ing Slagaretna wedari,
dene Slagaretna,
saking ing sekar Wedari,
kilen leres sipatannya.

29. Tebihipun saking ing sekar wedari,
wau Slagaretna,
setengáh pos udakawis,
kacarita marganira.

30. Sing kagungan dalem ing Madusita di,
ugi ngilen sidhya,
(ugi ngilen leres)
sekar inggih den langkungi,
dados saking Madusita.

31. Slagaretna tebihira winatawis,
wonten (9) sangang epal,
yen lumampah sing wedari,
wau Madusita marang.

32. Slagaretna praptanya wau Wedari,
sekar ragi munggah,
saking sekar ngantos prapti,
Slagaretna yen nenumpak.

33. Sakecanya kados wahana turanggi,
(sakecanipun kados anumpak kapal)
dene nyengkreknya dahat,
puniku wonten ing margi,
caket dhusun Ngegek nama.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

34. Margi wau praptanya Salgarenta,
namung kirang sapal,
klimat Slagaretna wus tis,
(hawaning siti pasanggrahan Slagaretna sampun asrep)
de kori pager udyana.

35. Majeng ngaler dumunung ing tanah inggil,
margi manjingira,
capurining kang wedari,
sing kidul wetan purugnya.

36. Manguntara (mangaler) gya gubed mracima prapti,
(lajeng gubed mangilen dhateng)
regol margilnya na,
(regol manggen wonten)
wetaning pojok capuri,
ingkang untara pracima,
(ingkang ler kilen)

37. De dalemnya udyana Slagaretna di,
umajeng mangetan,
ngungkurken Marbabu ardi,
ngerengaken ring jejurang.

38. Kang kawarta ing jurang Sagundhok nami,
myang nengenken tanah,
gili (munggul) miwah ingkang margi,
manger minggah tegesira.

39. Mangku tegal sayuran myang sari-sari,
wanguning patyasa,
joglo mawi den emperi,
rangkep mubeng temu gelang.

40. Binalungan kajeng jati payon siti,
gendheng wastanira,
binata (pinager)i gebyog kang panti,
kapalester jrambahira.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

41. Emper wetan 1er kidul kinarya mijil,
tunggar dhaya kilyan,
(pojok kidul kilen)
puniku kinarya dhimpil,
sanesya siningget dadya.

42. (5) Gangsal kamar gunggung (6) sad kalawan dhimpil,
sakidul pantyasa,
pasanggrahan wonten panti,
kampung ujurnya mracima. (mangilen)

43. Myang siningget-singget puniku kinardi,
saneng p angra tengan,
(panggenan ulah-ulah = ngratengi)
mangaler ajening panti,
wonten patamanira.

44. Mung pethetan sekar-sekaran mawarni,
dumunung ngajengnya,
myang kiduling pawon panti,
nihan mangkya kang winarta.

45. Sajawining capuri wau Wedari,
parek pojokira,
capuri tawing wedari,
(pagering capuri pasanggrahan)
wonten wisma pasiraman.

46. Mawa jedhing saking tembok saha mawi,
pancuran ajajar,
kangge pangangsoning janmi,
inginum sasaminira.

47. Dene wau ing Slagaretna wedari,
myang udyana sekar,
sagung bekakas piranti,
suwung datan kasadhiyan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

48. Wontenipun bekakas kinarya pranti,
ing saparlunira,
lamun Kangjeng Sri Bupati,
tedhak wau dwi udyana.

49. Mung dyan dadak kaparingan pranti saking,
Madusita tandya,
tinata kang awit saking,
ing sekar lan Slagaretna.

50. Bilih kanjeng Sri Mahadipaning Bumi,
tedhak Madusita,
pumiku kadya meh mesthi,
karsa miyos tedhak marang.

51. Pasanggrahan sekar myang Slagaretna di,
kang sampun kalakyan,
tan nyare muhung len ari,
tegesnya satengah dina.

52. Upaminya tedhak Dalem Sri Bupati,
sadinten nanging ta,
kondur dalem sonten wanci,
pukul (6) sad tuwin jam (7) sapta.

53. Rawuh dalem ing Madusita wedari,
pupuh maskumambang,
winilis yen boten sisip,
(52) seket kalih pada kehnya.

54. Tan kalebet lan punika kang kinardi,
pratelan kehira,
pada wau (52) seket kalih,
nadyan sajroning sapada.

55. Maskumambang tinimbang lan gula milir,
puniku kaotnya,
(18) astha wlas wanda manawi,
tan salah pangetang kula.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

56. Mila mangkya prayogi kalamun salin,
pupuh kang winastan,
sarkara ingkang gumanti,
anglajengaken carita.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

XIX. DHANDHANGGULA

1. Pangriptanya rarasing artati,
(panganggiting lagu dhandhanggendhis)
mrih dumadya pangrenggeng lukita,
(supados pangrengganing tembung)
kinidung mangka singgete,
(tinembang kadamel ngendelaken)
denya wau puniku,
nyaritakken sekar wedari,
(nyariyosaken pasanggrahan sekar)
miwah ing Slagaretna,
mangkya kang winuwus,
mahnya kang nawunggita,
(mangsuli kang nganggit serat)
nabaweng tyas tan pisan-pisan sedyapti,
(osiking manah boten pisan-pisan sedya)
ngumpet kotamanira.

2. Inggih wau ingkang sinambat sih,
(inggih wau ingkang asma)
tuwan Y.E.A. Sul ing samangkya,
ginyar kotameng driyane,
kacihna duk Dyan Menggung,
(katandha nalika Raden Tumenggung)
Arungbinang aminta panti,
palerepan luwarnya,
capureng kadhatun,
Madusita udyanarja,
tuwan Y.E.A. Sul denya amangsuli,
kalangkung dera nyegah.

3. Sabdeng tuwan paran tan utami,
(ngandikanipun tuwan punawa boten prayogi)

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

regen lerep neng salebetira,
dhatulaya caputine,
(leres salebeting capuri kadhaton)
inggih ingkang sinebut,
mardu yatnya kamar puniki,
kang kinarya lenggahan,
sanadyan puniku,
pangiring tri jurunitra,
kadya cekap tan karupekken sakapti,
(sakajeng cekap boten karupekaken)
yen mung catur kang unggyan.

4. Ping dwi pari lukita tan tebih,
(kaping kalih paribasan boten tebih = kaping kalih tembung pasemon boten tebih) = pambalapan manawi manira = pangangkah manawi kula = andarbeni sedya badhe = anggadhahi sedya badhe)
nyunggata bojanipun,
(nyuguhaken dhaharipun)
Dyan Tumenggung kang kaping katri,
ing bab rumeksa kula,
rinten sarta dalu,
tan mandrawa lot kawuryan,
(tan tebih tansah katingal)
kaping catur sru parlu pahargya marni,
(kaping sakawan sänget parlu anggen kula angluhuraken)
Sri Paduka Narendra,
(Sampeyan Dalem Ingkang Sinuhun)

5. Awit dening ing ari puniki,
Dyan Tumenggung dumadya dutendra,
(Raden Tumenggung dados utusan)
nambut karya sesampate,
(nyambut damel sarampungipun)
marma sru gondhel ulun,
(mila kula sänget anggondheli)
ya Dyan Regen lerep ing njawi,
(manawi Raden Tumenggung mondhok manggen wonten ing njawi)

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sawusnya tuwan nabda,
(sasampunipun tuwan ngandika)
kang mangkana wau,
(ingkang mangkaten wau)
Dyan Tumenggung mangsul sabda,
(Raden Tumenggung mangsuli wicanten)
apituwi aris rum denira angling,
(saha sareh arum anggenipun wicanten)
mantihantya sabdanya.
(anglangkungi pangandikanipun)

6. Tuwan ingkang mangkana puniki,
(tuwan ingkang mangkaten puniki)
dening jati katameng tyas tuwan,
(saking temen sae panggalihipun)
puwara marang sagung reh,
(wekasanipun dhumateng sakathahing pandamelan)
tan kewran yogyanipun,
(boten kekilapan prakawis saenipun)
tumrap tata lukiteng janmi,
(mapan-ngempanaken tata kramaning tiyang)
bangsaning kartiyasa,
(bangsaning aluhur)
putus maring elmu,
(putus dhumateng kawruh)
kang winastan kasudarman,
(ingkang dipun wastani kasaenan)
dadya tuwan mantihantya nabda bangkit,
(dados tuwan anglangkungi saged angandika)
kang mamrih karaharjan.
(ingkang nyupados dhumateng kawilujengan)

7. Sakalangkung-langkung atur mami,
nuhun-nuhun mring sabdanya tuwan,
kang mangkana sadayane,
tan wonten kang kalentu,
nanging mugi-mugi ywa dadi,
sota ahengnya tuwan,
(sereng panggalihipun tuwan)

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nging sung aksama gung,
(nanging paring agenging pangapunten)
mring kula dene ngong meksa,
sadarpeng tyas minta leres saluwaring,
(kapiderenging manah nyuwun manggen mondhok sanjawining)
baluwartyeng udyana.
(pager capurining pasanggrahan)

3. Puwaranya Dyan Tumenggung nuli,
pinaryoga mondhok wismeng demang,
(dipun prayogekaken mondhok griyanipun demang)
Jayasuwirya parabe,
kadi winarneng ngayun,
salebetnya taksih mriksani,
kahananing udyana,
ing saban rinipun,
manjing pureng pacangkraman,
(manjing kadhatoning pasanggrahan = udyana wau inggih pasanggrahan)
pangkatipun saking pondhok wanci enjing,
tinamtu tabuh (8) astha.

9. Undurira sing pura cangkrami,
(unduripun saking pasanggrahan)
sonten kendel wanci pukul (5) gangsal,
ananging saben wancine,
jam (12) kalih welas tabuh,
kendel ngaso marang ing panti, (griya)
pondhokan wismeng demang,
(pondhokan griyanipun demang)
sakendeling pukul,
(sakendel ungeling tabuh)
gathita (1) juga (%) saprapat,
Gam satunggal langkung saprapat)
nulya wangsul sowan manjing mring wedari,
(pasanggrahan)
tumandang maning karya.
(nyambut darnel malih)

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

10. Dene tuwan Sul sinambat wangi,
(dene ingkang asma tuwan Sul)
pambauning ngreksa mukyeng duta,
(panjagi rumeksanipun dhumateng pangajenging utusan)
neng pondhok myang salebete,
panandang karya wau,
(anyambut darnel wau)
sakanthinya juru nitra tri,
(sakanthinipun juru nyerat tiga)
tuhu datan kuciwa,
tegesira wau,
mung karya leganing driya,
mratandhani yen tuwan utameng budi,
(dados tetenger manawi tuwan sae panggalihipun)
cihnanya malih ya dyan.
(pratandhanipun malih manawi)

11. Tuwan dahat sudarmaning budi,
(tuwan sanget saening panggalihipun)
kadya ta Dyan Tumenggung kalawan,
juru nyrat tri (tiga) pangiringe,
ing saban arinipun,
(ing saben dintenipun)
kapandayan swandana nami,
(kasudibyan tmpakan nama)
kareta myang turangga, (kapal)
ambok bilih ayun, (badhe)
marsinggih parlyeng dinuta,
(angestokaken parlunipun kautus)
titi uning sakanan kering wedari,
(titi priksa sakiwa tengenipun pasanggrahan)
kang mangkana kalayan.

12. Duk maniti priksa mring wedari,
(nalika niti priksa dhumateng pasanggrahan)
Slagaretna myang udyana sekar,
(Slagaretna tuwin pasanggrahan sekar)
duk ing sekar sapraptane,
(nalika dumugi ing sekar)

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

denira numpak wau,
kreta kendel puniku nuli,
salin anumpak kuda,
kinarya lumaku,
maring wau Slagaretna,
dene rata ingkang tinumpakan dening,
sagunging para duta.

13. Dhapur Amerikan den wastani,
(kawastan wangun Amerikan)
lampahira wau ing kareta,
sing Madúsita wiwite,
(saking Madusita wiwitipun)
katumpakan ginrubyug,
para demang anumpak wajik, (kapal)
weneh wonten kang mapag,
nyegad wonten ngenu,
(nyegad wonten margi)
duk kendel wonten ing kembang,
sinunggata (kasuguh) dening kang winarta nami,
(saking ingkang kacariyosaken nama)
Demang Harjawirana.

14. Duk neng Slagaretna acangkrama,
(nalika wonten pasanggrahan Slagaretna)
kang nyunggata demang Slagaretna,
Wangsapramana arane,
katatwa demang wau,
(kacariyosaken demang wau)
ingkang samya mahargya maring,
(ingkang sami kurmat dhumateng)
duta Dalem Narendra,
wau Dyan Tumenggung,
samya katon arsayeng tyas,
(sami katingal bingah ing manah)
ngantos narik tyasing carik tri samya ngling,
mangkaten delingira,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

15. Kang ran Sutakiswa manabda ris,
(ingkang nama Sutakiswa wicanten)
adhi Sutadimeja sampeyan,
angampil lopak-lopake,
kang niki den tut pungkur,
(ingkang dipun dherekaken punika)
dene sabet kula kang ngampil,
tekene kang ambekta,
kyaine sambat rum,
kakangmas Jayapranata,
tan rekaos parandene samya olih,
nugraha numpak rata,
(ganjaran numpak kareta)

16. Dupi wonten udyana kekalih,
(sareng wonten pasanggrahan kekalih)
Slagaretna tanapi ing sekar,
wong katri anut pikoleh,
beja boja myang laju,
saperlunya samya nandangi,
temah ngrasa ywan lebda,
(wasana rumaos manawi angsal)
barkah Dalem Prabu,
(barkah Dalem Ingkang Sinuhun Kangjeng Sesuhunan)
Sutadimeja lingira,
wah inggih mas kok samanten sihing Widhi,
mring gusti pundhen kula.

17. Kang mandhiri pakuning rat yekti,
(ingkang jumeneng pikukuhing jagad yektos)
myang pinudya krama dipaning rat,
mangkaten wau tegese,
Kangjeng Ingkang Sinuhun,
temen-temen sinebut dadi,
pepadhanging rat raya,
(pepadhanging jagad)
tanapi sinebut,
Kangjeng Sri Maha Narendra,
kang jumeneng Pakubuwana Nagari,
Surakarta Diningrat.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

18. Mangebatken sapangatira Sri,
(angeramaken sapangat Dalem Ingkang Sinuhun)
krasa mangsek umanjinge marang,
ing balung dadya nikmate,
para kawulanipun,
sanagari angantiya prapti,
ing kula jengandika,
tur meh sasat tengu,
kasamadan sapangatnya,
Sri kang Mahasujati Mahiryeng Budi,
(Sampeyan Dalem Ingkang Sinuhun ingkang kados barleyan panggalih dalem)
mancorong prabanira
(mancorong cahyanipun)

19. Anelahi tumameng kula lit,
(amadhangi lumebet kawula alit)
tumalesep sajroning wardaya,
(tumalesep sajroning manah)
dudut budi pamudyane,
(narik budi pamujinipun)
aijantyeng Dalem Prabu,
(angganipun Sampeyan Dalem Ingkang Sinuhun sakalangkung respati)
rineksa ring sagung basuki,
(rineksa sakathahing kasugengan)
dene tengu kawula,
(awit saking kawula tengu)
denira pikantuk,
(anggenipun pikangsal)
sapangat pralampitanya,
(sapangat pralambangipun)
rumangkeng ngong lir numpak pracundhamani,
(pambrangkang kula kados numpak angin ageng ingkang santer lampahipun)
saiba kang sanyata.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

20. Kang para geng agung ari ratri,
(ingkang para luhur tansah rinten dalu)
nitih rata ingkang pindha andha,
(numpak kareta ingkang kados angin)
kapiendhem lumaksane,
(asipat kuping lampahipun)
kadya mabur cumebut,
bebukanya mangkaten bangkit,
(wiwitanipun saged mangkaten)
kadya-kadya tarliyan,
(kados-kados boten sanes)
sing sapangatipun,
kang jati mangka pusara,
(ingkang temen dados tetangsul)
pusaraning buwana mandhiri kaping,
(tetalining jagad jumeneng kaping)
(10) sadasa Surakarta.

21. Nahen Jayaprana tan rawung ling,
ringong kalih denira wacana,
mring manah kula tlesepe,
dadya pralambangipun,
amemalad budi basuki,
(anenarik rah anyuning budi)
mrahitatani marang,
(nyantosani dhumateng)
kabudayan ayu,
(pamardi wilujeng)
widada wibaweng praja,
(anulus luhuring nagari)
kawis durta kawus kawesing budi,
(prakawis awon kapok = tobat karemeting budi)
kang widada rahaija.
(ingkang tulus wilujeng)

22. Nihan gunemira carik katri,
mangke gantya ingkang winursita,
prakawis warta kalane,
inggih ing waktu wau,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Demang Jayasuwirya nami,
ngojahken Madusita,
sawawengkonipun,
ingkang kareh dening tuwan,
Sul Dhesence kenging sinebut manawi,
loh jinawi sartanya.

23. Murah sandhang myang tedha tanapi,
kang tinumbas mawarna tur murali,
tulus kang tinancebake,
ywan wus mateng mangundhuh,
woh andadi ngantos ngemohi,
sing dera kamedalan,
lajeng weh geng untung,
janma lit trustha sadaya,
(tiyang alit bingah sadaya)
denya majeng ngupa boga samya bangkit,
binasan lebda jiwa.

24. Tegesira uripira sami,
sakolahan ngantos samya wignya,
ngayomi suta putune,
ingkang mangkaten wau,
sampun tamtu tarliyan saking,
ing barkah kucahing sang,
Kangjeng Maha Prabu,
ingkang sarana lumantar,
mursitira (sagetira) tuwan Sul tindaking budi,
mangsah marsudi tanah,
(majeng memurih = ngupaya siti)

25. Katandangan kang kalayan saking,
(apulasara kang kalawan saking)
kasaijanan kawruh tumrap tanah,
(linangkungan saged saking seserepan ingkang manggen dhumateng pangolahing siti)
sarat rabuk sesamine,
mituhu pakemipun,
warah wuruE pangrehing bumi,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mrih bingah walesira,
kang tinanem tuwuh,
maweh woh saking kehira,
anenarik maring tyasing para tani,
wawengkon Madusita.

26. Tata tentrem majeng aijeng budi,
ngantos dadya kapengining cipta,
manca pat manca gangsale,
denira tentrem tulus,
kaduijanan wawengkeng bumi,
Madusita tanana,
kajawi rahayu,
karya kapiluyeng janma,
(darnel kelu = katut = kanut ing tiyang)
manca pate myang manca limane sami,
ambrungkat wisma pindhah.

27. Mring wawengkan ing Madusita,
temah saya tambah keh kulinya,
rukun panandanging gawe,
marsinggih prentahipun,
(angestokaken prentahipun)
tuwan geng Administratir,
Sul Dhesence peparab,
kang kalokeng kawruh,
(ingkang kajuwara kawruh panggalihanipun)
amot-amot mengku marang,
pra tiyang lit mila samya sujud sami,
jrih asih ciptanira.

28. Saking dening kehing para kuli,
ing wawengkan wau Madusita,
tekeng padhas peperenge,
kabrujulan kapacul,
tinaneman ngastameng ati,
(kataneman ambingahaken ing manah)
atinya kuli desa,
kang brujul myang macul,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dene kawelas pawedal,
tuwuhing woh kang tinanem angemohi,
nuntun tentreming driya.

29. Tulus suka denira nandangi,
ara-ara ingkang samya dadya,
tanah pakeboning teh,
mayar panggarapipun,
dene namung kantun andhangir,
miwah pangreksanira,
mring siti puniku,
ywa tedhes kang awit sabab,
(sampun ngantos katingal padhasipun amargi siti)
kentir katut dening truh denira mili,
(kentir katut saking toya jawah anggenipun mili)
tumurun mring lelebak.

30. Ingkang sampun den galeng ngadangi,
tanah ingkang sampun kajantonan,
(siti ingkang sampun kabumbonan)
kandhega sing galengane,
mung katun nginte rabuk,
(namung kantun ngawasaken rabuk)
lamun tipis tipun tambahi,
lan ngundhuh godhongira,
godhonging teh wau,
kalamun teh uwitira,
wus kawerdan ronipun kirang prayogi,
(sampun kasepuhen godhongipun kirang sae)
nulya karampas ngantya.

31. Pepak siti kantun tunggak sami,
nanging lamun puniku tetunggak,
samya semi subur rone,
tema saged ngrembuyung,
godhongira saya prayogi,
kawarta wiwit kina,
kapethik ronipun,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ywan sampun (6) nem godhongira,
kang den pathik puniku rone kang (3) katri,
mangkaten tingkahira.

32. Kacarita tuwan sinambat sih,
(kacariyosaken tuwan ingkang nami)
Sul Dhesence kamantyan denira,
(Sul Dhesence sanget anggenipun)
anindaken pambudine,
(anindakaken panggalihanipun)
mring siti wengkanipun,
(dhumateng siti wewengkonipun)
ondhermeming Mdusita di,
(kabudidayan Madusita)
kang wera ara-ara,
(ingkang ara-ara wiyar)
mamrih sagedipun,
dados tegal teh sadaya,
samangkyanya (sapunikanipun) sampun wiwit mindhik-mindhik,
wewah teh tegalira.

33. Boten parlu nyarita puniki,
nanging awon lamun anganggura,
sumarmaha temahane,
(amila kawekasanipun)
sanadyan boten parlu,
(kados boten parlu)
kacarita nanging kawarti,
(kacarita nanging kacritakaken)
taru teh lan ronira,
(uwit teh lan godhongipun)
warnanira jumbuh,
(wernenipun jibles = mlek = plek)
wit mandhakaki myang ronnya,
nanging namung sekarnya lir nagasari,
kawon geng sawatara.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

34. Sigeg ngarsa sadaya ing mangkin,
kang kawarta denya titi priksa,
sadaya wau rampunge,
wonten Respati nuju,
tanggal (29) sanga likur lumaris,
ing wulan Dulkangidah,
Alip warsanipun,
(1843) Tri Catur Ngesthi Kamulyan,
yeku petang angkanira taun Alip,
Ijrah Nabinya angka.

35. (1331) Maha Trining Guananing Sujanmi,
Mandhasiya panca masanira,
nuju Kunthara windune,
mang ping (30) tri dasa tengsu,
kang winastan Oktober warsi,
(1913) Tri Janma Turus Mluya,
enjing pukul (8) wolu,
nulya pamitan mring tuwan,
Y.E.A. Sul Dhesence wangsul mring nagri,
sampating tetabeyan.

36. Lajeng budhal tan kawarneng margi,
nanging dupi prapta sakilennya,
Sunggingan samya sedyane,
ningali marginipun,
sesimpangan mangetan dening,
wangun sedhum sinawang,
nulya samya mlaku,
mangetan dupi praptanya,
kidul peken carik kang satunggal angling,
mangkaten de lingira.

37. "Lo punika margi dhateng pundi",
kang satunggal mangsul wuwusira,
"Mring Karanggeneng arane,"
kang tanya malih muwus,
"O, O, supe boten tinulis",
kang satunggal manabda,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

"Inggih" wangunipun,
denya sadaya kalepyan,
awit saking ing Karanggeneng puniki,
ewon tan mepet marga.

38. Marga ageng amargi duk ari,
Slasa sami mlampah manguntara,
(sami lumampah mangaler)
dhusun-dhusun kang manggene,
ewon mepet marga gung,
wus kacathet sadaya titi,
carik kang juga nabda,
"O, inggih wus reju"
(sampun leres)
denira dhusun kang nama,
Karanggeneng tan cinathet wau saking,
ragi tebih lan marga.

39. Nahen ihangkya kang winarneng tulis,
tan kawarta lampahe neng marga,
mrih ragi cekak critane,
kacarita samya wus,
prapteng panti ngaso saratri,
ari siyangnya Sukra,
ping (30) tri dasa tengsu,
Dulkangidah warsanira,
Alip nunggil kasebut wau ing ngarsi,
sagunging cathetannya,

40. Pikantuke denya titi uning,
gya tinata turut runtutira,
mamrih gampil pangriptane, (panganggitipun)
lukita linud kidung,
(tembung rinengga ing tembang)
kang winastan macapat gendhing,
karsa dalem kinarya,
babad tegesipun,
nyawargakkan critanira,
Madusita kagungan dalem wedari,
ari Sukra punika.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

41. Wau ingkang kasebut ing nginggil,
titi masa purwaning pangripta,
(titi masa wiwitipun anganggit)
ing Madusita babade,
walutrunya manawung,
(rampungipun panganggit)
Slasa Paing nuju tanggal ping,
(10) sadasa wulan Sura,
Ehe angka taun,
(1844) Dadi Suci Ngesthi Mulya,
kang rinipta dadya babading wedari,
nginggil wau sadaya.

42. Bismillahi Rahmani Rakimi,
ulun murwa ne but asmaning Hyang,
Pangeraning alam kabeh,
(Gustinipun ing alam sadaya)
kang murah donya tuhu,
ing akirat asih sayeki,
ulun matur sarehnya,
kalipatullahu,
(mewakiling Allah)
kang asma Sri Dipaningrai,
(ingkang asma ratu pepadhanging jagad)
myang kang Abdurrahman Sayidina yekti,
(saha manungsa ingkang mirah pambeganipun tuwin bangsa luhur Sayidina temen)
saha Panatagama,
(tuwin kawenangaken anata agami)

13. Kang jumeneng Pakubuwana ping,
(inkang jumeneng dados pikekahing jagad kaping)
(10) sadasa kang ngadhaton Karatwan,
(saha ingkang andalemi kadhaton)
ing Surakarta Prajane,
(Nagarinipun nama ing Surakarta)
kang Adiningrat tuhu,
pangestunya wau Narpati,
rahayu mring deramba,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

(wilujeng dhumateng anggen kawula)
kinen ananawung,
(kadhawuhan nganggit)
lukita linud kidungan,
(tembung rinengga ing tembang)
tumrap babad ing Madusita wedari,
(tumrap suwarganing pasanggrahan ing Madusita)
kang mangkana punika.
(ingkang mangkaten punika)

44. Allah Robiling alam sayekti,
(temen Allah Pangeraning alam)
tuhu mantihonta wijayantya,
(temen linangkung sanget kuwawi)
wenang sakarsa-karsane,
(kuwasa = saged sakarsanipun)
tan gang kang sirnya kuthu,
(boten kuwawi kang sedya ngakali)
sagunging roh kasapta langit,
(sakathahing nyawa pitung sap langit)
saha sapta bantala,
(saha pitung sap bumi)
ing tumuwuhipun,
(tumitah = wonten tuwin sagedipun wujud)
saking Allah Pangerannya,
(saking Allah Gustinipun)
sakaliring alam nulusa basuki,
(sadayaning alam nulusa wilujeng)
mring amba Arungbinang.

"I T I"

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA



PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA

